ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№109 (23.267) • 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 8, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2017 гъэм и къалэн нэхъыщхьэу щытынур экономикэм мылъку къэзылэжь и Іэнатіэм зегъэужьынырщ

КІуэкІуэ Юрий хэтащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министерствэм и коллегием иригъэкІуэкІа зэІущІэм

Урысейм и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ Хлопонин Александр дыгъуасэ Есэнтіыгу къалэм щриГъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министерствэм и коллегием и зэІущІэ. Абы 2015 гъэм зэфагъэкІахэр къыщапщытэжащ икІи дяпэкІэ нэхъ зэгугъупхьэу щыІэ Іуэхухэр щаубзыхуащ. Зэ1ущ1эм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

УФ-м КАВКАЗ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министр Кузнецов Лев ищІа докладым 2017 гъэм нэхъ зэгугъун хуей къалэнхэм ящыщу къыщигъэлъэгъуащ экономикэм мылъку къэзылэжь и Іэнатіэм, промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, транспортымрэ логистикэмрэ, электроэнергетикэм, курортрекреацэ кластерым, псэуныгъэр зэлъытА Іэнатіэхэм зегъэужьыныр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм щагъэзащІэ Урысей Федерацэм и къэрал шэсыпІэхэмкІэ даІыгъа инвестицэ проект ин (Майскэ къалэм). Санаторэхэмрэ курортхэмрэ, туризмэм и Іэнатіэм псынщІэу заужь. «Эльбрус - Безенги» кластер зэтегъэувэнымкІэ лэжьыгъэхэм я япэ Іыхьэм хиубыдэу Іуащхьэмахуэ лажьэу щаутІыпщащ Европэ псом щыпнэхъ лъагэ дыдэ, метр 3847-рэ зи лъагагъ щІыпІэм нэс кІуэ кІапсэ гъуэгур. Псори зэхэту метр 2875-рэ хъуэу лыжэкІэ къыщажьэхь гъуэгуитІ зэрагъэпэщыжащ. 2015 - 2016 гъэхэм я щІымахуэм мы курортым зыщагъэпсэхуащ щІыхь мини 150-м щІигъум.

ЗэІущІэм утыку къыщрахьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьынымкІэ щІэуэ зэхалъхьа концепцэр. Абы хагъэхьащ «2016 - 2025 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьынырГъэр» программэ къуэдзэр.

Коллегием и лэжьыгъэм хэтащ Федерацэмкіэ Советым, УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и Аппаратым щыщхэр, округым хьихэ субъектхэм, Урысейм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министерствэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым, Урысейм и промышленниккэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я зэгухьэныгъэм, КИФЩІ-м зегъэужьыныкІэ институтхэм - «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныкІэ корпорацэм», «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аІп1э.

Социальнэ лэжьакІуэхэм я махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Фи Іэщ1агъэм ирилажьэхэм я махуэмкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу.

Фэ фи ІэкІыгъэм фІыщІэ ин зэрыпылъым къыдэкІуэу абы фІэкІыпІэ имыІэу хуэныкъуэщ КъБР-м щыпсэухэм ящыщ куэд. Гугъуехьхэм хэт цІыхухэм фащ1ухуэзэкІэ, фэ абыхэм гулъытэкІэ фабгъэдохьэ икІи абыхэм я гуныкъуэгъуэхэр къевгъэІуэтэну, хуабагъэмрэ ныбжьэгъугъэмкІэ фадэгуэшэну сытым дежи фыхьэзырщ.

ЦІыхубэм пщІэшхуэ хуащІ фэ Іэкіуэлъакіуэу къызэвгъэпэщ дэІэпыкъуныгъэм икІи сытым дежи гуапэу къыфхущытщ фи жумартыгъэм, гуапагъэмрэ хуабагъэмрэ нэхъ хуэныкъуэхэм зэрызащІэвгъакъуэм папщІэ.

Республикэм и къэрал властым и органхэм дяпэкІи гулъытэ хэха хуащІынущ фи Іэнатіэм дэІэпыкъуныкрэ абы зегъэужьынымрэ.

Узыншагъэ быдэ, унагъуэ насып фиІэну, ехъулІэныгъэщІэхэр къэфхьыну сынывохъуэхъу.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Іуэху нэхъыбэ зэфІахын папщІэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий хэтащ мылъку къэлэжьыным пымыщІа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэкэм папщІэ УФ-м нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министр Лавров Сергей гъэ къэс иригъэкІуэкІ зэІущІэм и зи чэзу зэхуэсыгъуэу мэкъуауэгъуэм и 1-м Москва щкІуэкІам.

КУПЩІАФІЭУ зэрызэдэлэжьэным, зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуэныкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху нэхъыбэ зэрызэфІахыным хуэунэтІуэу щыта зэІущІэм Сэхъурокъуэ Хьэутий жыджэру хэлэжьыхьащ икІи и еплъыкІэхэр къыщІиутащ.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыдэкІыгъуэ гъунэгъуэм ящыщ зым тетынущ

НЫБЭЖЬ Таисэ.

● Налшык

Уэрамыр къагъэщІэрэщІэж

Налшык и Къэбэрдей уэрамыр къэгъэщІэрэщІэжьным ехьэлІа лэжьыгъэхэр и гущІэгъуэу йокІуэкІ.

КЪАПЩТЭМЭ, уэрамым плиткэ дахэ тралъхьэ. Ауэ гъуэгубгъуитІым зэкІэ еІусэркъым, лъэс зекІуэнІэу зэгуэр щытар ягъэщІэрэщІэну я мурадщи. Гъуэгу лэжьыгъэхэм къадэкІуэу, уэрамым тет унэхэм я Іуплъэпі1эхэр зыхуэИ хуагъаз.

Псом ящхьэращи, кІалэдэсхэм я зыгъэпсэхупІэ щыпІэ нэхъ дахэхэм иджыри зы къахэкъуэжьынущ. Къэбэрдей уэрамым мыгувэу щІпапсэнэнущ уэздыгъэхэр, шхапІэщІэхэр къыщыззІуахынщ, тетІысхьапІэ дахэхэмрэ уэз гъэгъахэмрэ уэрамыр къагъэщІэрэщІэнущ. ЗыхуэИ хуагъаззэнущ уэрамым тет чырбыш унэжьхэмрэ къат куэду зэтет унэхэмрэ. Сыт и уасэ архитектурэ теплъэ гъэщІэгъуэн зиІэ «Победа» кинотеатрыр кьалэр зыгъэдахэ тхьидэ фэеплъхэм ящыщ зэрыхъужьынур!

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Губгъуэ лэжьыгъэхэм пащэ

Мы гъэм Дзэлыкъуэ районым щыхаса сэхэурайыкІмрэ нартыхумрэ къарзынэу заужь.

ДЗЭЛЫКЪУЭКЪУАЖЭ, Малкэ, Псынэдахэ, Светловодскэ жылагъуэхэм псори зэхэту сэхуранр щыхасар гектар 600 хуэдиз мэхъу.

Нартыху гъэкІыным зезыта бэджэндырылажьэхэм пасэу хьу лІэужьыгъуэхэм нэхъ трагъэщІащ, тынщу зэрыпщэфым кІыхэкІыу. Псынэдахэ, Совхознэ къуажэхэм я мэкъумэшыщІэхэр щІым къытеува гъавэм зэрелэжьным хуэхьэзырщ. Ягъу къапэщІылъри хьэсапкъэхэр ягъэщэбэнырщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Парафилов Дмитрий

● Парт лэжьыгъэ

Я еплъыкІэхэр къагъэлъагъуэ

«Урысей зэкъуэт» партым къызэригъэпэщри, «ЩІыхуэхэм я уэнншагъэр Урысеим екъулІэныгъэ иІэу зиужьыным и лъабжьэщ» зэхьихьэр Ялтэ щекІуэкІащ.

КЪЭРАЛЫМ узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм зыщІужьынымкІэ хэкІыпІэхэр къэлъыхьуэным теухуа парт зэхьихьэм и лэжьыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкІыу хэтащ «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ, Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ Парафилов Дмитрий зи пашэ гупыр.

Форумым псалъэмакъ щхьэхуэхэр къыщаІэт зэІущІитху къыщызэрагъэпэщащ. Абыхэм кІарикІуэм ипкъ иткІэ, партым хэтхэм, Іэщ1агъэлІэхэм, Узыншагъэр хъумэныкІэ министерствэм, ведомствэхэм я лЫкІуэхэм зэхалъхьэнущ узыфэхэр нэхъ пасэу кІызэрахутэнум, цІыхухэр гъащІэ узынШэм зэрыдрагъэхьэхьнум, Іэнатіэр Іэщ1агъэлІэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщцынум, медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым зэрыхагъэхъуэнум, анэмрэ сабиймрэ я узыншагъэм теухуа программэ щхьэхуэхэр.

«ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Іэмал хэхахэр къагъэсэбэпу нЫбжьыщІэхэр еджапІэ щІэгъэтІысхьэныр егъэфІэкІуэн зэрыхуэм. Апхуэдэ щІыкІэкІэ щІыналъэхэр дохутыркІэ нэхъ къызэгъэпэща хъунущ. НЫбжьыщІэр биоджетым и хьэткІэ университетым, медицинэ институтым щыщІэтІысхьэкІэ, абы зэгурыІуэныгъэ ещІылІэн хуейщ, ар къиухмэ, илъэс зыбжанкІэ медицинэ Іуэхущ1апІэ гуэрым зэрыщІлэжьэнымкІэ. Ди республикэм и лЫкІуэхэм ящыщу форумым хэта Къалэбатэ Рустам къызэрыхигъэщащи, «Къуажэ дохутыр» программэр сэбэп хъуащ къуажэхэр зыхуэныкъуэ Іэщ1агъэлІэхэмкІэ къызэгъэпэщынымкІэ, ауэ абы кІэ иджыри гугъуехьэр щыІэщ», - жиІащ Парафиловым.

Іэщ1агъэлІэр зэрахуримыкъур, псом япрауэ, зэлъытар медицинэ лэжьакІуэхэм я улахуэрщ. А Іуэхури къыщаІэтащ зэІущІэм.

«Медицинэ лэжьакІуэхэм я улахуэр щІыналъэм ику иту щІыІэм нэгъэсын хуейщ. Мы илъэсым бюджет лэжьакІуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэным сом милиард 30 хухахыну къагъэлъэгъуащ», - жиІащ Парафиловым.

ЗэІущІэм къыщаІэта пыухыкІахэр къащтащ.

«Ахэр куэд щІауэ къащтэн хуея унафэт, партым иригъэкІуэкІа нэгъуэщІ форумхэми абыхэм щытепсэлъыхьат, жэрдэмхэри къыхалъхьат. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр «Урысей зэкъуэт» партым къигъэлъэгъуащ Къэрал Думэм и депутатхэм я хэхьныгъэхэм папщІэ ирагъэкІуэкІыну Іуэхухэм пашІэу ящІ», - къыхиригъэщащ Парафиловым.

ПЕЧОНОВ Владилен.

● Бахъсэн щІыналъэ

Гулъытэ хуэныкъуэхэм зыщІагъакъуэ

Социальнэ лэжьакІуэм и махуэр щагъэлъэпІащ Бахъсэн щІыналъэм хьихь Куба къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм. Абы къырихьэлІащ Бахъсэн районым и щІыналъэ администрацэм и унафэщІым и япэ къуэдзэ Къэнэмэт Рустам, районым ЦІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщ1ныкІэ и центрым и унафэщІ Сэбан Руслан, КъБР-м и социальнэ Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Къаздэхъу Олег.

КЪРИХЬЭЛІАХЭМ махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ, я Іуэхущ1апІэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм тепсэлъыхьащ ЦІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыныкІэ комплекснэ центрым (КЦСОН) и унафэщІ Къэнэмэт Юрислъам.

- ЦІыхухэм сэбэп ухуэхъуныр сыт щыгъуи гуапэщ икІи жэуаплныгъэшхуэ зыпылъщ. Фи Іэнатіэр зэрымытыншыр абыхэм зыхащІэну сынывохъуэхъу! Фэ фщыщ дэтхэмэн хэпъыкъныгъэ хуещІ Бахъсэн щІыналъэм псэуКІэр щефэКІуэным, - жиІащ абы.

Бахъсэн районым и щІыналъэ администрацэм и унафІэщІым къыбгъэдэкІыу социальнэ Іуэхум пэрытхэм ехъуэхъуащ, къыхэжаныкІахэм щІыхь тхьилъхэр яритыжащ Къэнэмэт Рустам.

- Фэ къыхэфхащ лэжьыгъэ щхьэпэ - гулъытэ хуэныкъуэхэм сэбэп фахуохъу. Зэпымыууэ гулъытэ яхуощІ, гу хуабагъэ ялъывогъэс зи щхьэ къыввзэхьэлІэхэм, - захуигъэзащ абы Іуэхум хэтхэм.

Махуэшхуэм хэту екІуэкІащ социальнэ лэжьакІуэхэм я зэфІэкІхэр щагъэпэгъуа зэхьэзэхуэхэр. Абы хэтахэр зэпеуащ уэрэд жыІэнкІэ, къэфэнкІэ, усэ къеджэнкІэ, шхыныгъуэхэм я пщэфыкІэкІэ, теплъэгъуэхэри ягъэлъагъуащ. КъэпщытакІуэ гупым нэхъыбфІэхэр къыхахащ.

Бахъсэн щІыналъэм щыІэ КЦСОН-м щолажьэ цІыхуи 169-рэ. Центрым хэтщ къудамэ 11. Абы щыщу 4-р хуэхэщ жыкІэфэкІэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ я унэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ щетынын. Апхуэдэуи хэтщ фІэкІыпІэ зимыІэ социальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ, балигъыпІэ имыуавэхэм якІэлъыпІъныныкІэ, цІыхухэм яІущІэнымрэ унагъуэхэмрэ сабийхэмрэ психологиэ дэІэпыкъуныгъэ етыныкІэ, къыззэыгъэпэщ-методикэ къудамэхэр.

АБАЗЭ Лерэ,
Бахъсэн районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● ЩІэныгъэ

Химиемрэ гъащІэмрэ



Къумыкъу Іэуес студентхэр егъэлъапІэ.

Хабзэ хъуауэ, Химикым и махуэр ди къэралми СНГ-м хьихь адрей щІыпІэхэми щагъэлъапІэ накъыгъэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм. Дэнэкіи хуэдэу, ди республикэми щекІуэкІащ абы епха зэхьихьэхэр. КъБКъУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Ажий Заринэ къыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, а еджапІэ нэхъыщхьэм къыщызэрагъэпэщащ Химикым и махуэм екъулІа зэІущІэхэр, зэпеуэхэр. Абыхэм я щІэныгъэрэ зэфІэкІкІэ щызэпеуащ егъэджакІуэхэри студентхэри.

ТХЬЭМАХУЭ зэхуакум нэскІэ екІуэкІа зэхьэзэхуэхэм къыхэжаныкІахэр щагъэлъапІэ гуфІэгъуэ зэІущІэ иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ КъБКъУ-м.

- Куэд лъандэрэ зэгъусэу едмыгъэкІуэкІаУэ, Химикым и махуэшхуэм епха дауэдапщэхэм дызэдыхэташ химикхэмрэ биологхэмрэ. Хуабжьу си гуапэщ егъэджакІуэхэри студентхэри Іуэхум жыджэру зэрызэтар, - жиІащ къызэгъэпэщакІуэ гупым я пашэу щыта, КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ Іуэхухэмкіэ и проректор Къумыкъу Іэуес. - Фызыхуеджэ Іэщ1агъэхэмкІэ екъулІэныгъэщІэхэр фиІэну, лъагапІэщІэхэм фызнэсыну сынывохъуэхъу.

Къумыкъум щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэр, саугъэт лъапІэхэр яритащ зэпеуэхэм щытекІуа, къыжжаныкІа студентхэм. Абыхэм ящыщщ Ламырдон ФатІимэ, Джыназ Ислъам, Ету Хьэжымухьэмэдэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

КъБКъУ-м и дипломхэр апхуэдэу хуагъэфэщащ «Химиемрэ гъащІэмрэ» щІэныгъэ конференцым доклад купщІафІэ щызыщІа студентхэми «Ладья-2016» шахмат зэхьэзэхуэм щытекІуахэми.

ТАМБИЙ Линэ.

Зыщыдгъэпсэхуну махуэхэр яубзыхы

УФ-м Лэжьыгъэмрэ щІыхуэхэм защІэгъэкъуэныкІэ и министерствэм иубзыхуащ дызыхуэкІуэ илъэсым урысейхэм зыщагъэпсэхуну къэрал махуэшхуэхэр.

«Урысейм и щІыхуэхэм илъэсыщІэ дызыхуэкІуэр къыщІадзэнущ зыгъэпсэхугъуэ махуибгъуэкІэ, мы гъэм дыгъэгъаэзм и 31-м къыщыщІэдзауэ 2017 гъэм и щІышылэм и 8-р хиубыдэу. Абы и ужьхи махуищкІэ, махуиплІкІэ зэкІэлъыкІуэу щыдэсынухэри хэтщ дгъэхьэзыра графикым», - жиІащ министр Топилин Максим. Абы къыхигъэщащ къэкІуэну илъэсым и махуэшхуэ зыбжанэ щІэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэрытехуэр, абы къыхэкІыу ахэр ягъэІэпэтыжу зыгъэпсэхугъуэхэм зэрыпащэнур.

ЦІыхухэм мыпхуэдэ махуэхэм загъэпсэхуну трауэхуащ: 2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 31 - 2017 гъэм щышылэм и 8-хэм, мазаем и 23 - 26-хэм, гъатхэпэм и 8-м, мэлыжьхьыхьм и 29 - накъыгъэм и 1-хэм, накъыгъэм и 6 - 9-хэм, мэкъуауэгъуэм и 10 - 12-хэм, щэкІуэгъуэм и 4 - 6-хэм.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ, цІыхухэм зрагъэгъэпсэхунущ махуэ 27-кІэ, илъэсым хиубыдэ адрей щэбэт, тхьэмахуэ махуэхэр хэмыту.

Зы сыхьэтым километр 400-м нэс якІуэфу

Китаймрэ щыІэпкъралъхьэ хуабжь быдэу зекІуэфынущ мафІэгъущІэхэр. Абыхэм зы сыхьэтым километр 400-м нэс зэпачыфынущ.

МафІэгъущІэхэр нэхъапэІэкІэ ящІащІ я щэрхъэр гъущІ гъуэгуэм я бгъуэгьым елъытауэ тебухуэ хъууэ зэрыщытынур. Апхуэдэ мафІэгъуэр ди къэралми къыщІэхуу километр 770-рэ зи кІыхьагъ Москва – Къэзан гъуэгум трагъэувэну я мурадщ. Иджыпсту а гъуэгуанэр мафІэгъкІэ зэпычыным сыхьэт 14-м нэблагъэ токІуадэ, хуабжьагъыщхуэ зиІэ мафІэгъуэр хьэзыр хъумэ, абы цІыхухэр зэрытетынур сыхьэтищым тІэкІу щІигъкІэщ.

♦Хьэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Социальнэ лэжьакІуэм и махуэщ. 1701 гъэм Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкІащ факъырэхэм, сымаджэхэм, жьы хуэхэм щхьэгъэзэпІэ яхуэхъун унэхэр къызэІухыным теухуауэ.

Унафэм къигъэувыт зи щхьэ сэбэп хуэмыхъужьыф цІыхуипщІ къэс зы якІэлъыплъу а унэхэм щылэжьын хуейуэ.

♦Карелие Республикэм и махуэщ. 1920 гъэм къызэрагъэпэщащ иджыпей республикэм лъабжьэ хуэхъуа Карелие лэжьакІуэ коммунэр.

♦1786 гъэм дунейм щызыпэу Нью-Йорк и тыкуэнхэм моРожнэ къыщІалъхьащ.

♦1815 гъэм Польшэм и щІыналъэр, кьанэ щІагъуэ щымыІэу, Урысей империем къыхагъэхьащ.

♦1824 гъэм Канадэм щыщ Кашинг Ноа зэрыжьыщІэ машинэ къызэрыгупсысам щыхьэт техъуэ дафтэр иратащ.

♦1869 гъэм Америкэм щыщ Макгаффги Айвз сабэщІэп зэрызэпкъриІухьамкІэ патент иратащ.

♦1934 гъэм Женевэ Іэ щытрадзащ СССР-м, Румынием, Польшэм я къэрал гъунапкъэхэр зэрадубзыхуам теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦1943 гъэм Налшыкдзс интеллигенцэм фашистхэм я бийуэ пэкІу ирагъэкІуэкІащ.

♦1946 гъэм Журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1946 гъэм Инджылызым и къалащхьэ Лондон ТекІуэныгъэм и парад щекІуэкІащ, фашист Германиемрэ Япониемрэ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм зэрыщыхагъэщІар ягъэлъапІэу.

♦1966 гъэм СССР-м къыщызэрагъэпэщащ Тхьидэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр хъумэным хуэгъэпса зэгухьэныгъэр.

♦1988 гъэм къащтащ «СССР-м кооперацэм зыщегъэужьыным теухуауэ» законыр. Абы хьэрычэтыщІэхэр я щхьэ хуэлэжьэныгъуэт ищІыт.

♦Къэхульпатэзехуэ Іэзэ дыдэу щыта, Совет Союзым щэнейрэ я Лыхъужь **Кожедуб Иван** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦«ЩІэблэщІэ гвардие» щэхурылажьэ щІалэгъуалэ партизан зэгурыІныгъэр Краснодон къыщызэзыгъэпэщащ я яхэта, абы и унафэщІу Совет Союзым и Лыхъужь щІэр (хэкІуэдауэ) зыфІаща **Кошевой Олег** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, Урысей артиадэм и лауреат **Махуэлі Хьаджэт** къыщалъхуа махуэщ.

♦Эверест дэжа адыгэ бзылъхугъэ, КъБР-м и физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мэз Каринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэзых къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градус 11 – 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ХьэщІэ къакІуэм насыпи къыдокІуэ.

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм Правительствэм щыхухаха зэманым Ухуэныгъэмкlэ, псэуплэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкlэ и комитетым и жэрдэмкlэ щедэIуащ результикэм и щыналъэм гидроэнергетикэм и Iуэхущlапlэхэр зэрыщlалажьэмрэ абыхэм зегъэужьыныжьмкlэ щыIэ хэкIыпlэхэмрэ ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэуплэм и Iэнатlэм щыкlэлъыплъыныжьмкlэ и къэрал комитетым и унафэщIым и кlалэнхэр пlалъэкlэ зыгъэзащlэ Журавлёв Андрей къыхилъхьа информацэм.

КЪЭПСЭЛЪАМ зэрыжиIамкlэ, къалэжь электрокъарур опту ящэ МВт 25-м щIигъу зи лъэщыгъэ республикэм щыIэ гидроэлектростанцу 3-м: Бахъсэн ГЭС-м (МВт 27-рэ), Аушыджэр ГЭС-м (МВт 60), Къэщкъэту ГЭС-м (МВт 65,1-рэ). Нэхъ цIыкIыу гидроэлектростанци 8-м: Акъбащ ГЭС (1 МВт), Мухол ГЭС-м (МВт 0,9-рэ), ГЭС-3-м (МВт 3,5-рэ) кьалэжь электрокъарур занщIэу розницэ сатум и рынокым щащэ. «Къэббалъкъэнерго» цIыхубэ акционер зэгухьэныгъэм иращIыпIа зэгурыIуэныгъэхэм тету.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и энергосистемэм хьихьэ электростанцэхм я лъэщагъыр псори зэхэту 2016 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу МВт 157,5-рэ хьууэ щытащ. Доклад зыщIам зэрыжиIамкlэ, 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергиемкlэ иIэ зэфIэкIымрэ абы и энергетикэм зегъэужьыныжьмрэ» къэрал программэм къыгъуэ кlалэн нэхъыщхьэ дыдэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм ящIащлажь электрокъарур республикэм къыгъэсэбэпым и проценти 100-м 2020 гъэм ирихьэлIэу зэгъэзэныжьрщ.

Журавлёв Андрей къыгъэлъэгъуащ республикэм и электроэнергетикэм зегъэужьыныжьмкlэ хэкIыпlэ нэхъыщхьэ дыдэу щытыр псыхэм я кlарур къэгъэсэбэпыныр зэрыарар. Къызэрабжамкlэ, ар илъэсым киловатт-сыхьэт меларди 8,7-м ноблагъэ, ауэ апхуэдизрэ зэфIэкIым щыщу иджыпсту кlагъэсэбэпыфыр процентри 8 - 10-м щIигъуркъым. Зэкlэ гидроэлектростанцу пщIы бжыгъэхэр ухуэныгъэ проект гуэркъэгъ щыIэщ. Ауэ ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и электроэнергетикэм 2015 - 2019 гъэхэм зегъэужьыныжьмкlэ схемэмрэ программэмэрэ хагъэхьэн хуэдэу иджыри уб5ыхуакъым.

«РусГидро» цIыхубэ акционер зэгухьэныгъэм 2014 - 2016 гъэхэм ятещIыхьа и инвестицэ программэр гъэзэщIэным хиубыдэу иджыпсту Зэрэгъыж ГЭС-м йолажь. Ар хьэзыр хуэ иужь республикэм илъэсым кlэрибыдэу кlигъэсэбэп электрокъарум и процент 45-р езым кlуэнжьыжу хуеижьэнущ. ГЭС-р щацухьну зыщIугъуа пlалъэм хьэзыр яхуэщlакъым икIи ар къыщIыз5Iуахынр 2016 гъэм бдзэзэгъэуам и 1-м ягъэIэпхъуащ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гидроэлектростанц мыинхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам къызэритамкlэ, ухуэныгъэр щIэгувар Китайм щагъэхьэзыра генераторхэр зэрагъэувыну технологием зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэн хуей зэрыхъуарщ, апхуэдэу дамбэхэм ящыщ зым псыр щIэжу зэрыхуежьарщ.

«РусГидро» цIыхубэ акционер зэгухьэныгъэм и инвестицэ программэм хиубыдэу МВт 29,6-рэ зи лъэщагъ Балъкъэр Ипщэ ГЭС-р 2011 гъэм къарагъэжьауэ щытащ, ауэ ахъшэр кьаззремэщIэкlам кьыхэкIыу ухуэныгъэр 2012 гъэм кьыэзтрагъэувыIащ.

Мы зэманым КЪБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэуплэм и Iэнатlэм щыкlэлъыплъыныжьмкlэ и къэрал комитетымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гидроэлектростанц мыинхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэIухамрэ зэщIыгъуу хопlъэ Балъкъэр Ипщэ ГЭС-р нэгъэсыжьныжьмкlэ хэкIыпlэхэм. Абы и лъэныкъуэкlэ зэфIэкIыпlхэру кьалъытэхэр «РусГидро» цIыхубэ акционер зэгухьэныгъэм хуагъэхьащ. Кьыхалъхьа Iуэхущхэм хеубыдэ ГЭС-м и лъащагъыр МВт 25-м нэсу гъэмэщIэнри.

Журавлёв Андрей кьыхигъэщхьэхукlащ гидроэлектростанцыр адэкlэ ямыщIыну траухуэмэ, ар республикэм и экономикэм зегъэужьыныжьмкlэ зыкIи сэбэп зэрымыхьунур. Ухуэныгъэр яухрэ Балъкъэр Ипщэ ГЭС-р лажьэу яутIыпщмэ, абы республикэр электрокъарукlэ кьыззэрызэрагъэпэщым и фIагъыр кьиIэтынущ. Мыгувэу Зэрэгъыж ГЭС-ри щIын зэраухынр къэплъытэмэ, республикэм кьигъэсэбэп электрокъарум щыщу езым кьилэжьыкьр а псомэ я фIыщIэкlэ процент 50 - 55-м нэсынущ.

Апхуэдэу докладым кьыхэщащ 2030 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм и щIыналъэм электроэнергетикэм тещIыхьа и схемэхэм я проектым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэуплэм и Iэнатlэм щыкlэлъыплъыныжьмкlэ и къэрал комитетым и жэрдэмкlэ гидроэлектростанцу 3 зэрыхагъэхьар. Ахэр «Гуэл щхьэантIэ» (Шэрэдж псым), «Курп ГЭС-мыинхэр» (Тарч псым), «Жанхъуэтекъуэ» (Бахъсэн псым) ГЭС-хэрщ. А проектхэр федеральнэ министерствэм кьищтащ икIи Урысей Федерацэм и Правительствэр хэплъэн папщIэ ирита Схемэм кьигъэхьащ.

«Псыхэр къэгъэсэбэпыныжьмкlэ хэкIыпlэшхъэ дыззэриIэм, илъэс хьурейм уху эныгъэхэр ебгъэкIуэкI зэрыхъунум, апхуэдэу ухуэныгъэхэр республикэм и автомобиль гъуэгухэмрэ электрическэ сетхэмрэ зэрапэгъунэгъум Iэмалыфlхэр кьиззрагъэпэщ гидроэнергетикэм и Iэнатlэм хуэгъэза инвестицэ лэжьыгъэм зегъэужьыныжьмкlэ. Электрокъарур кьззылэжь ухуэныгъэшIэхэр егъэкIуэкIыным кьыпэкIуэну Iуэхуфlхэм ящыщу ахъшэшхэ кьыщалэжь Iэнатlэхэр кьиззрызэIуахынр, муниципалитетхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я бюджетхэм халъхьэ налогхэм зэрыхэхъуэнур, энергетикэм и инфраструктурэм зэрызиужьынур, электрокъарур кьэзыгъэсэбэпынухэм яIэрыгъэхьэным пыщIауэ яфIэкIуэд энергием зэрыкIэрыхунур, республикэм и энергетикэ щынагъуэшхагъэр кьыиззгъэпэщыныжьмкlэ сэбэп зэрыкъунур», - и докладыр щиухым жиIащ Журавлёв Андрей.

Докладым щытепсэлъыхьым депутатхэр куэдым щIэупщIащ. КЪБР-м и Парламентым и Унафэщl **Егоровэ Татьянэ** доклад зыщIам зыхуигъэзащ Къэщкъэтэу ГЭС-р кьыщрагъэжьам щыгъуэ абы и мылъкум техуэ налогхэмкlэ хуагъэуваю щыта льготэхэр зыхуэдам теухуауэ. Журавлёв Андрей зэрыжиIамкlэ, абы щыгъуэ КЪБР-м и Правительствэмрэ «РусГидро» зэгухьэныгъэмрэ инвестицэ проектыр гъэззщIэным теухуауэ зэращIылъа зэгурыIуэныгъэм кьиззрящыщIэгъэлъэгъуам тету мылъкумкlэ налогхэм яхуэгъэза льготэхэр 2011 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ кьагъэсэбэпу щIадзащ. Налогхэмкlэ Iуэхущlапlэм яхудичыхьан хуейт станцым техIуэдар кьилэжьыкьу, ауэ илъэситху нэхърэ мынэхъыбэкlэ. Ауэ экономикэм кьиззрямыкIуэ гугъуехьэр кьиззрылъыкъуэкIам кьэкIыпу 2015 гъэм КЪБР-м и Правительствэм унафэ кьищтащ мылъкум техуэ налогхэмкlэ яIэуа льготэхэр нэхъ пасэу ятехьажьмэ теухуауэ икIи абы и фIыщIэкlэ республикэм и бюджетым лейуэ сом мелуани 100 кьыIэрыхьащ.

- Уи докладым кьыхэбгъэщащ Шэрэдж псыр зэрыгъуам кьыхэкIыу, 2015 гъэм кьалэжьа электрокъарур абы япэ ита илъэсым елъытауэ процент 15-кlэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар. АтIэ бюджетым хэфлъхьэ налогхэри абы тещIыхьауэ вгъэмэщIа? - щIэупщIащ Егоровэ Татьянэ.

Жэуапым кьыззрыхэщамкlэ, апхуэдэ гугъуехьхэм япкъ иткlэ бюджетым халъхьэ налогхэр проценти 4-кlэ нэхъ мащIэ хуащ, ауэ псори зэхэту «РусГидро» зэгухьэныгъэм 2015 гъэм республикэм и бюджет зэгуэтым налог ахъшэу процент 21-кlэ нэхъыбэ хилъхьащ абы япэ ита илъэсым елъытауэ.

КЪБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкlэ, экологиемкlэ, щIыгуэпсыр къэгъэсэбэпыныжьмрэ щIы Iэхуэхьмкlэ и комитетым и унафэщI **Мокаев Кемал** кьыхилъхьащ энергетикэм и ухуэныгъэхэм бдзжэну ират щIым кьыпэкIуэ ахъшэм щыщ Iыхьэр республикэ бюджетым гъэкIуэныжьмкlэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм хэплъэну.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщlым и кьуэдзэ **Бозий Натбий** тепсэлъыхьащ электрокъарум и уасэмрэ ар гъэмэщIэныжьмкlэ щыIэ хэкIыпlэхэмрэ.

Докладым кьыщыгъэлъэгъуа Iэхуэхуэмрэ абыхэм ятеухуауэ зэIущIэм щыжаIахэмрэ япкъ иткlэ депутатхэм кьащтащ мы Iэхуэм егъэщIыпIа Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм яхуэгъэзза чэнджэщхэр.

* * *

ЗЭIУЩIЭМ апхуэдэу щыхэплъащ федеральнэ законкlэм я проектхэр кьаззрыщыхьуам, апхуэдэу закон щхьэхуэхэр кьыдэгъэкIыным ятеухуауэ УФ-м и нэгъэщI субъектхэм я парламентархэм кьагъэхьа Iэхуэ зэмылIэужьыгъуэу тIощIым щIигъум.

КЪБР-м и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмрэ финансхэмкlэ и комитетым и унафэщI **Афэщlагъуэ Михаил** депутатхэм я пащхьэ кьрихьащ «2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр. Къэпсалъэм кьыхигъэщхьэхукlащ федеральнэ бюджетым кьыхэкI бюджет зэхуаку трансфертхэр зэрагъэшым теухуауэ Iэ5ззщIакlуэ властым и федеральнэ органхэм кьащта унафэм ипкъ иткlэ КЪБР-м и республикэ бюджетым хьихьэ бжыгъэхэри ягъэтэмэмыжьын хуей хъуащ. Абыхэм япкъ иткlэ бюджетым и хэхъуэхэри хэщIэхэри сом мелардрэ мелуан 326,2-кlэ зэпхыгъэ ящI.

Адэкlэ елэжьын папщIэ депутатхэм кьащтащ «2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм КЪБР-м и Iэкlыпlэ зимыIэ страхованэмкlэ и щIыналъэ фондым и бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КЪБР-м и законым и проектри.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

Яща икIи (е) езыхэр елэжьыжьну къагъэна дэтхэнэ гъэш килограмми трагъэкIуэдам щыщ Iыхьэ мэкъумэш продукцэ кьэзылэжьхэм хуапшыныжьин папщIэ федеральнэ бюджетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкIыу субсидиехэр кьыIэрыхуаутIыпщ Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м Налшык къалэ №973-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Яща икIи (е) езыхэр елэжьыжьну къагъэна дэтхэнэ гъэш килограмми трагъэкIуэдам щыщ Iыхьэ мэкъумэш продукцэ кьэзылэжьхэм хуапшыныжьин папщIэ федеральнэ бюджетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкIыу субсидиехэр кьыIэрыхуаутIыпщ Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхущlапlэ Унафэ №81-ПП-мкlэ кьищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэл, бжэн лъхуэнпlэнхэм я бжыгъэм щыхэзгъэхъуэным мэкъумэш продукцэ кьэзылэжьхэм трагъэкIуэдэм щыщ Iыхьэ хуапшыныжьин папщIэ субсидиехэр зэрырат Хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м Налшык къалэ №975-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэл, бжэн лъхуэнпlэнхэм я бжыгъэм щыхэзгъэхъуэным мэкъумэш продукцэ кьэзылэжьхэм трагъэкIуэдэм щыщ Iыхьэ хуапшыныжьин папщIэ субсидиехэр зэрырат Хабзэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 22-м кьыдигъэкIа унафэ №103-ПП-мкlэ кьищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м кьыдигъэкIа Унафэ №270-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм накъыгъэм и 6-м Налшык къалэ №978-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. «Агропромышленнэ комплексым и Iэхуэщlапlэхэр кьиззрызэрагъэпэщым, зэрырагъэзэфIэкIуэм, техникэмрэ оборудованэмрэ кьэщIэхуным трагъэкIуэдам щыщ Iыхьэ хуапшыныжьин папщIэ субсидиехэр 2016 гъэм кьыхуаутIыпщ а ухуэныгъэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м кьыдигъэкIа Унафэ №270-ПП-м щыгъэзыхуа Хабзэм тету, зэрырагъэкIуэкIрэ илъэситIым щIимыгъуаз.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий

2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр псэуплэкlэ кьиззгъэпэщыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм накъыгъэм и 6-м Налшык къалэ №979-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр псэуплэкlэ кьиззгъэпэщыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокIадэм и 24-м кьыдигъэкIа Унафэ №264-ПП-кlэ кьищтам, халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр кьащтэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэуплэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и министерствэм теухуа Положеным зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм накъыгъэм и 6-м Налшык къалэ №980-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэуплэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и министерствэм теухуа Положеным, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэуплэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и министерствэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м кьыдигъэкIа Унафэ №51-ПП-мкlэ кьищтам, и пункт 5-м мы кьыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 5.1-нэ пункт кьуэдзэр мы кьыкIэлъыкIуэм зэхуэдэу кьэхьын:

«5.1. Министерствэм и лэжьыгъэм хиубыдэ Iэхуэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и и Правительствэм и Iэтащхьэм и хабзэ мардзэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и хабзэ мардзэхэм я проектхэр зэхелъхьэ икIи ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр хэплъэн папщIэ ярет;»;

б) 5.31-нэ пункт кьуэдзэм абзац дэщIыгъужьи, мы кьыкIэлъыкIуэм хуэдзу иту:

«зыхуэфащэ Iуэхуэхэм яхуэгъэзауэ федеральнэ законодательствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр зэпкърех, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм хабзэ мардзэхэр гъэхъэзырыныжьмкlэ я полномочиехэр дагъэкIыным е ахэр кьиззэтегъэувыIэным хуэгъэза хабзэхэр кьащтэн зэрыхуейр зэхегъэкI;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и хабзэ мардзэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и хабзэ мардзэхэм я проектхэр зэхэлъхьэным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм ядолажьэ;

федеральнэ законодательствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм щыгъэуба мардзэр кьызэрагъэзэфIэным пылъ икIи абы и лэжьыкуэкlэ къэрал политикэр зэрыпхагъэкIыр зэпкърех;».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий

● **КЪБР-м и Парламентым и Президиумым**

ГЭС мыинхэр зэрахуэм республикэм и экономикэр ирегъэфIакIуэ

КЪЭПСЭЛЪАМ зэрыжиIамкlэ, кьалэжь электрокъарур опту ящэ МВт 25-м щIигъу зи лъэщыгъэ республикэм щыIэ гидроэлектростанцу 3-м: Бахъсэн ГЭС-м (МВт 27-рэ), Аушыджэр ГЭС-м (МВт 60), Къэщкъэту ГЭС-м (МВт 65,1-рэ). Нэхъ цIыкIыу гидроэлектростанци 8-м: Акъбащ ГЭС (1 МВт), Мухол ГЭС-м (МВт 0,9-рэ), ГЭС-3-м (МВт 3,5-рэ) кьалэжь электрокъарур занщIэу розницэ сатум и рынокым щащэ. «Къэббалъкъэнерго» цIыхубэ акционер зэгухьэныгъэм иращIыпIа зэгурыIуэныгъэхэм тету.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и энергосистемэм хьихьэ электростанцэхм я лъэщагъыр псори зэхэту 2016 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу МВт 157,5-рэ хьууэ щытащ. Доклад зыщIам зэрыжиIамкlэ, 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергиемкlэ иIэ зэфIэкIымрэ абы и энергетикэм зегъэужьыныжьмрэ» къэрал программэм къыгъэув кlалэн нэхъыщхьэ дыдэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм ящIащлажь электрокъарур республикэм къыгъэсэбэпым и проценти 100-м 2020 гъэм ирихьэлIэу зэгъэзэныжьрщ.

Журавлёв Андрей къыгъэлъэгъуащ республикэм и электроэнергетикэм зегъэужьыныжьмкlэ хэкIыпlэ нэхъыщхьэ дыдэу щытыр псыхэм я кlарур къэгъэсэбэпыныр зэрыарар. Къызэрабжамкlэ, ар илъэсым киловатт-сыхьэт меларди 8,7-м ноблагъэ, ауэ апхуэдизрэ зэфIэкIым щыщу иджыпсту кlагъэсэбэпыфыр процентри 8 - 10-м щIигъуркъым. Зэкlэ гидроэлектростанцу пщIы бжыгъэхэр ухуэныгъэ проект гуэркъэгъ щыIэщ. Ауэ ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и электроэнергетикэм 2015 - 2019 гъэхэм зегъэужьыныжьмкlэ схемэмрэ программэмрэ хагъэхьэн хуэдэу иджыри уб5ыхуакъым.

«РусГидро» цIыхубэ акционер зэгухьэныгъэм 2014 - 2016 гъэхэм ятещIыхьа и инвестицэ программэр гъэзэщIэным хиубыдэу иджыпсту Зэрэгъыж ГЭС-м йолажь. Ар хьэзыр хуэ иужь республикэм илъэсым кlэрибыдэу кlигъэсэбэп электрокъарум и процент 45-р езым кlуэнжьыжу хуеижьэнущ. ГЭС-р щацухьну зыщIугъуа пlалъэм хьэзыр яхуэщlакъым икIи ар къыщIыз5Iуахынр 2016 гъэм бдзэзэгъэуам и 1-м ягъэIэпхъуащ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гидроэлектростанц мыинхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам къызэритамкlэ, ухуэныгъэр щIэгувар Китайм щагъэхьэзыра генераторхэр зэрагъэувыну технологием зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэн хуей зэрыхъуарщ, апхуэдэу дамбэхэм ящыщ зым псыр щIэжу зэрыхуежьарщ.

«РусГидро» цIыхубэ акционер зэгухьэныгъэм и инвестицэ программэм хиубыдэу МВт 29,6-рэ зи лъэщагъ Балъкъэр Ипщэ ГЭС-р 2011 гъэм кьарагъэжьауэ щытащ, ауэ ахъшэр кьаззремэщIэкlам кьыхэкIыу ухуэныгъэр 2012 гъэм кьыэзтрагъэувыIащ.

Мы зэманым КЪБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэуплэм и Iэнатlэм щыкlэлъыплъыныжьмкlэ и къэрал комитетымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гидроэлектростанц мыинхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэIухамрэ зэщIыгъуу хопlъэ Балъкъэр Ипщэ ГЭС-р нэгъэсыжьныжьмкlэ хэкIыпlэхэм. Абы и лъэныкъуэкlэ зэфIэкIыпlхэру кьалъытэхэр «РусГидро» цIыхубэ акционер зэгухьэныгъэм хуагъэхьащ. Кьыхалъхьа Iуэхущхэм хеубыдэ ГЭС-м и лъащагъыр МВт 25-м нэсу гъэмэщIэнри.

Журавлёв Андрей кьыхигъэщхьэхукlащ гидроэлектростанцыр адэкlэ ямыщIыну траухуэмэ, ар республикэм и экономикэм зегъэужьыныжьмкlэ зыкIи сэбэп зэрымыхьунур. Ухуэныгъэр яухрэ Балъкъэр Ипщэ ГЭС-р лажьэу яутIыпщмэ, абы республикэр электрокъарукlэ кьиззрызэрагъэпэщым и фIагъыр кьиIэтынущ. Мыгувэу Зэрэгъыж ГЭС-ри щIын зэраухынр къэплъытэмэ, республикэм кьигъэсэбэп электрокъарум щыщу езым кьилэжьыкьр а псомэ я фIыщIэкlэ процент 50 - 55-м нэсынущ.

Апхуэдэу докладым кьыхэщащ 2030 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм и щIыналъэм электроэнергетикэм тещIыхьа и схемэхэм я проектым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэуплэм и Iэнатlэм щыкlэлъыплъыныжьмкlэ и къэрал комитетым и жэрдэмкlэ гидроэлектростанцу 3 зэрыхагъэхьар. Ахэр «Гуэл щхьэантIэ» (Шэрэдж псым), «Курп ГЭС-мыинхэр» (Тарч псым), «Жанхъуэтекъуэ» (Бахъсэн псым) ГЭС-хэрщ. А проектхэр федеральнэ министерствэм кьищтащ икIи Урысей Федерацэм и Правительствэр хэплъэн папщIэ ирита Схемэм кьигъэхьащ.

«Псыхэр къэгъэсэбэпыныжьмкlэ хэкIыпlэшхъэ дыззэриIэм, илъэс хьурейм уху эныгъэхэр ебгъэкIуэкI зэрыхъунум, апхуэдэу ухуэныгъэхэр республикэм и автомобиль гъуэгухэмрэ электрическэ сетхэмрэ зэрапэгъунэгъум Iэмалыфlхэр кьиззрагъэпэщ гидроэнергетикэм и Iэнатlэм хуэгъэза инвестицэ лэжьыгъэм зегъэужьыныжьмкlэ. Электрокъарур кьззылэжь ухуэныгъэшIэхэр егъэкIуэкIыным кьыпэкIуэну Iуэхуфlхэм ящыщу ахъшэшхэ кьыщалэжь Iэнатlэхэр кьиззрызэIуахынр, муниципалитетхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я бюджетхэм халъхьэ налогхэм зэрыхэхъуэнур, энергетикэм и инфраструктурэм зэрызиужьынур, электрокъарур кьэзыгъэсэбэпынухэм яIэрыгъэхьэным пыщIауэ яфIэкIуэд энергием зэрыкIэрыхунур, республикэм и энергетикэ щынагъуэшхагъэр кьиззрызэпэщыныжьмкlэ сэбэп зэрыкъунур», - и докладыр щиухым жиIащ Журавлёв Андрей.

Докладым щытепсэлъыхьым депутатхэр куэдым щIэупщIащ. КЪБР-м и Парламентым и Унафэщl **Егоровэ Татьянэ** доклад зыщIам зыхуигъэзащ Къэщкъэтэу ГЭС-р кьыщрагъэжьам щыгъуэ абы и мылъкум техуэ налогхэмкlэ хуагъэуваю щыта льготэхэр зыхуэдам теухуауэ. Журавлёв Андрей зэрыжиIамкlэ, абы щыгъуэ КЪБР-м и Правительствэмрэ «РусГидро» зэгухьэныгъэмрэ инвестицэ проектыр гъэззщIэным теухуауэ зэращIылъа зэгурыIуэныгъэм кьиззрящыщIэгъэлъэгъуам тету мылъкумкlэ налогхэм яхуэгъэза льготэхэр 2011 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ кьагъэсэбэпу щIадзащ. Налогхэмкlэ Iуэхущlапlэм яхудичыхьан хуейт станцым техIуэдар кьилэжьыкьу, ауэ илъэситху нэхърэ мынэхъыбэкlэ. Ауэ экономикэм кьиззрямыкIуэ гугъуехьэр кьиззрылъыкъуэкIам кьэкIыпу 2015 гъэм КЪБР-м и Правительствэм унафэ кьищтащ мылъкум техуэ налогхэмкlэ яIэуа льготэхэр нэхъ пасэу ятехьажьмэ теухуауэ икIи абы и фIыщIэкlэ республикэм и бюджетым лейуэ сом мелуани 100 кьыIэрыхьащ.

- Уи докладым кьыхэбгъэщащ Шэрэдж псыр зэрыгъуам кьыхэкIыу, 2015 гъэм кьалэжьа электрокъарур абы япэ ита илъэсым елъытауэ процент 15-кlэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар. АтIэ бюджетым хэфлъхьэ налогхэри абы тещIыхьауэ вгъэмэщIа? - щIэупщIащ Егоровэ Татьянэ.

Жэуапым кьыззрыхэщамкlэ, апхуэдэ гугъуехьхэм япкъ иткlэ бюджетым халъхьэ налогхэр проценти 4-кlэ нэхъ мащIэ хуащ, ауэ псори зэхэту «РусГидро» зэгухьэныгъэм 2015 гъэм республикэм и бюджет зэгуэтым налог ахъшэу процент 21-кlэ нэхъыбэ хилъхьащ абы япэ ита илъэсым елъытауэ.

КЪБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкlэ, экологиемкlэ, щIыгуэпсыр къэгъэсэбэпыныжьмрэ щIы Iэхуэхьмкlэ и комитетым и унафэщI **Мокаев Кемал** кьыхилъхьащ энергетикэм и ухуэныгъэхэм бдзжэну ират щIым кьыпэкIуэ ахъшэм щыщ Iыхьэр республикэ бюджетым гъэкIуэныжьмкlэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм хэплъэну.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщlым и кьуэдзэ **Бозий Натбий** тепсэлъыхьащ электрокъарум и уасэмрэ ар гъэмэщIэныжьмкlэ щыIэ хэкIыпlэхэмрэ.

Докладым кьыщыгъэлъэгъуа Iэхуэхуэмрэ абыхэм ятеухуауэ зэIущIэм щыжаIахэмрэ япкъ иткlэ депутатхэм кьащтащ мы Iэхуэм егъэщIыпIа Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм яхуэгъэзза чэнджэщхэр.

* * *

ЗЭIУЩIЭМ апхуэдэу щыхэплъащ федеральнэ законкlэм я проектхэр кьаззрыщыхьуам, апхуэдэу закон щхьэхуэхэр кьыдэгъэкIыным ятеухуауэ УФ-м и нэгъэщI субъектхэм я парламентархэм кьагъэхьа Iэхуэ зэмылIэужьыгъуэу тIощIым щIигъум.

КЪБР-м и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмрэ финансхэмкlэ и комитетым и унафэщI **Афэщlагъуэ Михаил** депутатхэм я пащхьэ кьрихьащ «2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр. Къэпсалъэм кьыхигъэщхьэхукlащ федеральнэ бюджетым кьыхэкI бюджет зэхуаку трансфертхэр зэрагъэшым теухуауэ Iэ5ззщIакlуэ властым и федеральнэ органхэм кьащта унафэм ипкъ иткlэ КЪБР-м и республикэ бюджетым хьихьэ бжыгъэхэри ягъэтэмэмыжьын хуей хъуащ. Абыхэм япкъ иткlэ бюджетым и хэхъуэхэри хэщIэхэри сом мелардрэ мелуан 326,2-кlэ зэпхыгъэ ящI.

Адэкlэ елэжьын папщIэ депутатхэм кьащтащ «2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм КЪБР-м и Iэкlыпlэ зимыIэ страхованэмкlэ и щIыналъэ фондым и бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КЪБР-м и законым и проектри.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

● **ЗэIущIэхэр**

ЩIэпхъаджагъэу къыщIагъэщым хохъуэ

**Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ министру К

Ахэри зы унагъуэ дахэу къытхыхьэжащ

Адыгэр дыззыхьэну, Іуэху гуэр зэдзэщІну Іэмал диІэ зэрыхъурэ, си лэжьыгъэм и фІыщІэкІэ сэ куэд къэсцІыхуащ ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм ящыщу. Гу зылъыстаращи, абыхэм къахокІ, зы къэралым дыщанІам хуэдэу ди гупсысэкІэми дуней тетыкІэми къытехуэхэр. ФІыщІэшхэр яхуэсщІу, къисІуэнщ зыбжанэм я цІэр: Сирием кьыкІыжауэ Налшык зыкъомрэ щыпсэуа, Хэкум гу щимыхуауэ дунейм ехыжа Келды Сафир, Тыркум щыпсэу Чурей Алий, Къущхьэ Догъэн, Токьмакъ Сэджид, Дунейпсо Адыгэ Хасэ къызэрэпэщыныр зи жэрдэм Хьэткъуэ Фэтхьи (Голландием щопсэу).

Мы зыбжанэракъым, куэд мэхъу ахэр. Къапщтэмэ, сыт и цуэ Къумыкъу Мамдухь, Хъуажь Фахьри хуэдэ щІэныгъэлІэр Хэкум къызэритІысхьэжар, Налшык и зыгъэпсэхупІэ нэхъ дахэхэм ящыщ хъуа «Тамерис» шхапІэр зей Едыдж Нихьаирэ Шукранрэ я унагъуэр. Адыгэхэм я закъуэкъым ахэр зыщхьэпэнур: зэфІэкІ зиІэ, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ, экономикэм зиужьыным, щыхуэхэм лэжьапІэ кьахуэгъэлъэщыным зи гъащІэри гупсысэри теухуа цІыхуэхэр.

Зыщыпіэ кьикІыжу зы унагъуэ къыщытхтІысхьэжкІэ, ди цІыху бжьыгъэм хьэзырхьэхуэр, абыхэм псэукІэмрэ лэжьакІэмрэ ятеухуа гупсысэ къызэрыгъэхъэр узыщыгуфІыкІынщ. ЩІалэгъуалэр зэрыщІыхуурэ унагъуэщІэхэр къызэрыунэхур-щэ! ХьэІупэ ДжэбрэІил жиІэу зэхэсхэ, зэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ яль зэхэлъэдэжу щІидзэмэ, адыгэ пІэлъэкІыр зэрыщІэрыІуэу щыта дахагъэр къэщІэрэщІэжыну. Абы шэч хэлъкъым.

ФэзгъэщІыхуну сызыхуей Дыщэкі (Кахраман) Зиад Хэкур зигу иІахэм ящыщщ, езыри и адэри къыщалъхуар хамэщІрами. Зиад промышленнэ Іуэхущіапіэ инхэм я электроІэмэпсымэр зэтеухуэнымкІэ ІэщіагъэлІщ. Езыр, и щхьэгъусэ Рамизэ, и щІалищым ящыщу нэхъыщІитІыр Налшык щопсэу. КъызэрысцІыхуа щІыкІэри ржеСІэнут. Ар газет щхьэкІэ редакцэм къэкІуауэ нэІуасэ дыззэхэгъуат. Абы лъандэрэ «Адыгэ псалъэр» хэзгъэтІыльри, къыщыхьхьурэ къещтэж.

Си гуапэщ фэри ар къэфщІыхуну.

- Зиад, фи къуажэм и хъыбаркІэ къыщІэдгъадэт.

- Ди къуажэм и цІэр Хэсэнщ, ар зыуХуар, абы япэщІыкІэ дэсар Къэбэрдейм иІэпхъуКІаэращ. 1905 гъэрщ ахэр Хэкум щикІар. Унагъуэ 59-м я къуажэр яухуат.

- Уэ уи хэт 1905 гъэм икІауэ щытар?

- Си адэшхуэ Сэлихьт. Илъэс 17 и ныбжьу арат абы щыгъуэ. И шыпхъу Сыжажэхэ я нысэр, зэрыбынунагъуэу иІэпхъуКІырти, и къуэш нэхъыжьхэм (ахэри бынунагъуэт) «ди шыпхъуэм и гъусэу уикІамэ хъунут» кьымыщхьаІэм, «хьэуэ» кьыухуэмыгъэкІыу, щІалэм зиІэтри, кІуащ. И къэшэгъуэ щыхъуэм, езы Сыжажэхэ япхъу кьратри, унагъуэу тІысыжат. Зэщхьэгъусэхэм зы щІалэрэ хьыджэбзэ зэдагъуэтауэ, 1924 гъэм си адэшхуэр къаукІауэ щытащ. Ар дзэм хэтт. МафІэгум ису зыщІыпІэ кьикІыжу бзаджэнаджэ гъэрхэр ятеуэри, си адэшхуэри абы щыгъуэм хэкІуэдащ.

Хьэнасир дыкьыдэІэпхъуКІри, Хьэлэб дыщщыпсэуну дикІуат, си адэ Сэлхьэдин хьэлъэзэешэ машинэ ису абы щылажьэрти. Ещанэ классыр къэзуауэ арат Хьэнасир дыкьыщыдэІэпхъуКІам, ауэ адыгэ фІэкІа абы щыдэмысар сощІэж. Хадэ, Іэщ зиІэхэм ягъэлэжьну кІащтэ хьэрыпІ унагъуитІ-щы фІэкІа хамэ яхэстэкъым. Уэшхыр мащІэу, щІым хьер къытемыкІыу, псы кьыщІэпшым щхьэкІэ куу дыдэу епТІыхьн хуейуэ апхуэдэт Хьэнасир и щІыгър. Арати, еджэну, лэжьэну кьыдэкІыуРэ адыгэр мащІэ хъуащ, хьэрыпхэр куэду дэтІысхьащ.

- Зиад, усабийуэ зэхэпхар уи гум кьоно, уеблэмэ а гукъэкІыжхэр кьощІэрэщІэж, зы ныбжь гуэрым ущынэскІэ. Сыт уэ апхуэдэу кьыбдэгъэгурыкІуэр?

- Нэхъыжьхэм я уэрэшэр седэІуэну сэ кьыхуихуакъым, кьуажэм куэдрэ дыдэсатэкъыми. Ауэ сэ нэхърэ нэхъыжьхэу дадэ-нанэхэм я псалъэ зэхэзыхахэм жаІэж я Хэкумрэ здэкІуамрэ, езыхэмрэ зыхьхьахэмрэ я щытыкІэр зыкІи зэрызэттемыхуэм гугъу зэрыригъэхьар. Я гур мыбыкІэ щыІэу зыкъомрэ псэуащ, абы кьыщалъхуэхэр нэхъ есэурэ иджы дыкьэсащ.

Зы лІыжь сигу кьоклыж. МахуэлІ Рэмэзант ар. Илъэс 12 и ныбжьу Хэкум икІат Рэмэзан. Ар гужант, жьэнахуэт, Хэкум теухуауэ куэд ищІэжырт. Сэри зэхэсхат абы и псалъэкІэр, и хъыбаркэм ящыщ. Рэмэзан СССР-м и посольствэм кІуэм-къэкІуэжрэ яригъадэри, и щхьэгъусэр и гъусэу 1969 гъэм къэІэпхъуэжауэ щытащ (бын яІэтэкъым). Илъэс 70-м ТІэкІу фІэкІат и ныбжьыр абы щыгъуэм. Илъэс зытхух хуэдэ гуэр мыбы щыпсэуауэ дунейм ехыжащ. Мис апхуэдэ нэхъыжьхэр псэкІэ енькъыжьхуащ хэхэс гъащІэм.

Си ныбжьым итхэр дыкьапщтэмэ, десат къэралми абы хабзэрэ псэукІэу щыІэми. Сэ илъэс 20-м ситу электрикыу лэжьэн щыщІэздзащ СССР-м Сирием щиухуэ ГЭС-м. СССР-м никІа уриС Іэщ1агъэлІ сыдэлажьэрти, тхьилъхэр хэсащэхурэ, урысыбзэ ззэгъащІэу щІэздзат. Сыздзлажьэм хьэрыпІыбзэ зригъащІэрт, сэ - урысыбзэ. Апхуэдэуэрэ илъэс 11-кІэ абы сыщылажьащ. ИужькІэ, унагъуи сыхъуауэ, бынищ сиІэу, Хьэлэбкі3 дыкьІэжри, Сирием зыхъумэжьныныкІэ и министерствэм СССР-м яригъэщІ заводым электрикыу сыщылажьащ, абыи щыхэзгъэхъуащ си урысыбзэм. Ауэрэ, хъыбар кьэІуащ Урысей пащтыкыгъуэм, СССР-м хэт къэралхэм я щІыхуу зыкъэзыпытІэм урысей паспорт кьищтэну хуиту. Ар кьэзгъэсэбэпри, 1991 гъэм Хэкум дыкъэкІуэжащ Совет Союзым и паспорт диІэу. ЩІалэ нэхъыжьыми илъэс 18 и ныбжьт. Ар дзэ дохутыру мыбдеж щеджащ, нэхъыщІитІым курыт школыр кьыщІахащ. Иджы нэхъыжьыр, Инал, Испанием щопсэу. Ар унагъуэщ, щІалэрэ пщащэрэ иІэщ. НэхъыщІэ Зауррэ Идаррэ ди гъусэщ. Идари унагъуэ хъужащ, абыи иІэщ сабиитІ. Заур иджыри кьишакъым. Абы дизайнымкІэ колледжыр кьиухащ, унэкІуэдІ зехьэнымрэ гъэдэхэнымкІэ ІэщіагъэлІу. Аращ зэрылажьэрэ. Идар щІакхъуэ гъэжьэныи, зэбгрыщыным хэзгъаІуэ мэлажьэ. Абы и щхьэгъусэ Саримэ Хутэхэ япхъуэ, адыгэбзэр, урысыбзэр, инджылызыбзэр, хьэрыпІбзэр ещІэ. Туризм Іуэхум мэкъумэш университетым щыхуэджэ. НысэфІ ди насыпт кьихьащи, догуфІэ. Саримэ и адэ-анэри 1991 гъэм кьэкІуэжри, илъэсищкІэ мыбы щыпсэуауэ ягъэзэжат, я Іуэхур хуэмыхъуу.

- Фэ фыкъыщыкІуэжа 1991 гъэр ди цІыхуэхэр гугъуехь куэдым щыпэщІэхуа зэманым хуеблэдэ. КъэІэпхъуэжа гуэрхэми ягъэзэжат, а гугъуехьэм яІахэри.

- ИлъэсиблкІэ мыбы дыщыпсэуауэ, 1998 гъэм дгъэзэжри, пенсэм сыкІуэху сыщылажьащ сыкъызыдыкІа Іэнатіэм. НэхъыщІитІыр фэтэр хъаухэтщтэри кьэдгъэнат, курытыр лажьэу, нэхъыщІэр еджэу.

- Зиад, Сириер фи Хэку етІуанэу жьІпІэ хъунщи, фигу кьемыуэнкІэ Іэмал иІэкьым абы зауэ зэрыщекІуэкІыр. Псалъэм папщІэ, уи щІалэгъуэр щыбгъэкІуа Хьэлэб зэрыззэтракъутэр пльаГъуныр хьэлъэщ, щэч хэмыльу. Абы къыщыхьуам теухуауэ сыт кьыджепІэн?

- Мы зауэм политикэ, экономикэ щхьэусыгъуэхэр и мащІэкъым. Къэралышхуэхэм зыиу кьорадзэрхьым къэрал цІыкІуэм унафэ хуащІынур, я псэукІэр зохахъутэныр, зыр адеймрэ ираушынырэ. Псалъэм папщІэ, Иран, Ирак, Кувейт, Ливие къэралхэм иужьрей зэманым къыщыхъуа псори щыхьэт зытехуэр щыдгъэмэрэ газымрэ яхуэзэрымыгъэгъуэщ, абы кьыпэкІуэну фейдэм «цІыхугъэ» жьыхуаІэр яфІигъэкІуэдауэ къэралхэр, цІыху гупхэр зэрызэпуварщ. Сирием мы зэманым куэд щопсэу зауэм хэмыкІуэдэнымрэ я лъэр щІэмыхуу я узынщагъэр яхурикъунымрэ фІэкІа я гъэущІ уэпсапІэ кьыхуамыгъэнаъуэ. ООН-м кьет Сирием имыкІыу кьинам и процент 85-р мэжалІэу, зыхуей хуэмызэу. Къэрал лэжьапІэ Іутхэм я мазэ улахуэр махуищкІэ яхурикъуми аращ, ахъшэр апхуэдизкІэ пуд хьэщ, кьэпщэхунур лъапІэщи. «Льр, пхъащхьэмышхьэр кьытхуэщэжужыркъым. Щ1акхъуэ дгъэтмэ, дымысымаджэмэ дымасыпыфІэу кьыдольытэ» - жаІэу куэдыр мэтхьэусыхэ.

- Хьэлэб зэтракъутэпа, хьэмэрэ хьэблэ гуэрхэр кьела?

- Кьаланэм и Іыхьэ пІанэр якъутауэ кьыщІэкІынущ. Абы мелуанищрэ ныкъэрэ щыпсэурти, иджы мин 400 - 450-рэ нэхъыбэ дэмысу жаІэ.

- Сириием кьикІыжахэм «Жьэгу» фІэфщауэ зы Хасэ щыкІу фиІэщ. Абы и гугъу узэгъэщІынут.

- Зауэм и зэранкІэ адыгэ унагъуэ куэд кьэкІуэжащ. Гуапэщ мыбы щыпсэухэр абыхэм зэрахъуэфэкІкІэ зэрадзэІэпыкъур. Кьуажищ-плІым унэ 82-рэ кьащащауэхури, абыхэм ираташ, санаторэхэм кьыщІэнащ унагъуэ 13, фэтэр кьащтащ унагъуэ 27-м. ФІыщІэшхэр яхуэщІын хуейщ гуэзвэгъуэм зи псэр кьыхэзыхахэм защІэзыгъэкъуа псоми. Ахэр кьэкІуэжахэм шхынкІэ, хущхъуэкІэ, щыгъынкІэ зэрадэІэпыкъуэм и мыхьэнэр кьыпхуэмыуэтэным хуэдизщ.

Нэхъ пасэу кьэкІуэжахэр сэпІ дыхъуну дыхуейуэ аращ «Жьэгур» кьыщІызэдгъэпэщащ. Урысыбзэ дзэнэ кьэна, адыгэбзэри тэмэмку зы-мыщІэ яхэтщ абыхэм. КьинэмыщІауэ, мы къэралым и хабзэ-бзыпхъэм зыкІи щыгъуазэкъыми, гугъуехьу зыхэтыр мащІэкъым. Абы хэлъхьэж зауэм мылъкуншэ зэрищІар. Хэкум я псэр щагъэтІылъын, мыбы кьынэжьын папщІэ, япэ мазэхэм, илъэсхэм зэпеуэ ди къэнэжьынуэ, зы гуп дызэкъуэвауэ аращ, тхуэфІыкІкІэ защІэдгъэкъэжьну. Псалъэм папщІэ, псом ящхьэр я псом кьалэжьыжьфынращи, ІэхущащІэхэм дыкІуэурэ унафэщІэхэм долъэІу, Іэмал иІэххэмэ, ягъэлэжьэну.

- Къэралым, ди республикэм я унафэщІхэм сыткІэ фащыгугъэр?

- Урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ, Урысей Федерацэм щыпсэу дэтхэнэ зыми тхьидэм, хабзэм теухуауэ ищІапхъэм кьэкІуэжахэр хурагъэджэну дыдэйт. Ар хуабжьу сэбэп хъунут щІэныгъэ и лъэныкъуэкІи къызыхьхьэжахэм нэхъ щІэхъуу яхэзгъэжьныныкІи. ИлъэсищкІи, тхуКІи, пщІыкІи Сирием и Іуэху зэтеувэжыну кьыщІэкІынкъым. Ар кьагуроІуэри, а лъэныкъуэмкІэ пльэжхэрэкъым, ауэ къэкІуэжахэр хамэгу-хамащхьэу щымытыныжмкІэ, Сирием кьинауэ мыбыкІэ зигу щыІэхэм кьэкІуэну Іэмал ягъуэтынымкІэ къэраным дыщогугъ. Дызэрыщыгугъым ящхьэри - укъэкІуэным апхуэдиз гугъуэхь пымылъынырщ. Псалъэм папщІэ, Урысейм и Посольствэ Дамаск щыІэмрэ абы и кьудамэ Хьэлэб щылажьэмрэ куэд яхуэзфІэкІынут Хэкум къэкІуэжыну хуейхэр (ахэр апхуэдэуи куэдкъым) дэфтэр гуэрхэр щхьэусыгъуэ ящІу гугъу ящІэрэ зыхьыныжьмкІэ.

- Зиад, махуэ зыбжанэщ иІэжыр адыгэм я ЩыгъуэІ пэкІуэхэр къэрал зыбжанэм щекІуэкІыным *(дыщыззэпсэльар накъыгъэм 21-м и пэ къыхуэущ.* **- Щ. М.). Ди лъэпкъэгъуэхэм сыт яжепІэнт абы теухуауэ?**

- Адыгэр нобэ дызыгъэзыщхьэпрэ нэхъыбэщ дызыгъэгуфІэм нэхърэ: япэрауэ, Сирием щыпсэуэхэр зыхэхуа зауэ гуащІэр; етІуанэрауэ, ди цІыхухэр нэгъуэщІ къэралхэм къыщыщІидзыным щхьэусыгъуэ хуэхъуа зауэшхуэр. Ауэ зэманыр щэрхъщи, мэкІэрахъуэ. Ди Хэку дахэм ди бзэкІэ дыпсэльэжу дыщыпсэуну ди насыпт кьызэрихьам дринасыпыфІэщ. ЛІыгъэшхуэ зэрахьащ мыбы кьэина адыгэхэм бзэм зрагъэужьныным теухуауэ. Абы нэхърэ нэхъыщІэу сыт щыІэр? ЩхьэгъэщІэжщ адыгэ псори Хэкум кьыхьэжьным цыгугъэныну, ауэ дзнэ хэт щыпсэуми, и бзэ, и хабзэ, и нэмыс зэримыгъэкІуэдыным яужь итмэ, ар сытым дежи лъэпкъым щыщынущ. Арагъэнщ дэ накъыгъэм и 21-м дызыхуэщыгъэнэхэм яхуэтщІэжьыфынур.

- ФІыщІэ пхузощІ. Зиад, уи Іуэху епІыкІэ уиІэжу, игъащІэми Хэкум уимыкІам хуэдэу, уи анэдэлъхубзэр бейуэ, уи гуп къытхуэзІухауэ уэзэрыпсэум папщІэ.

ШИРДИЙ Марин.

Хъэнасир дэса адыгэхэм я унэцІэхэр (дэзыгъэтхар Дыщэкі Зиадщ)

Хъэнасир хьэблэшхуитІу гуэшат: кьухьэпІэ лъэныкъуэр Къэбэрдейт, къуэкІыпІэр - Анзорейт.

Къэбэрдей хьэблэм дэсахэр:

Уэтэр, Кьэлтэбей, Жэмыхъуэ, Хьэжжгъуей, Тхьэджэшэ, Хутэ, Вэрокъуэ, Мэшыкъуэ, Бекъул, КІурашин, Іэхьэжэм, Тхьэгуащэ, КІэмыргуей, КІэщт, Созей, Кьандэхъу, КьаІмыкъ, Кьардэн, БэшкІыр, Щад, Ботэщ, Дыщэкі, ЛъэнкІэпІашэ, Нэфэ, Мэкъуэт, Щоджэн, Кьамбий, Кхъуэныхъ, Шыкуэ, МахуэлІ, Пщыунэ, Бэрсокъуэ, ПщыхьэщІэ, ШыкІэгъэс, Мэлей, Вындыжь, ЩакІуэ, Балъкъыз, Сыжажэ, Хьэтхъуэт.

Анзорей хьэблэм дэсахэр:

Мэлбахъуэ, ЛІымахуэ, МытІэжь, Чэгъэду, Келды, Шормэн, Стэпан, Шэрдэж, Сонэ, Мамхэгъ, Къуэдзокъуэ, Джэху, Уэркъей, Елдыркокъуэ, Анзор, Гулокъуэ, Кыл.

Дыщэкі Зиад

Идаррэ Зауррэ



Зиад и щхьэгъусэ Рамизэ и къуэр Иналрэ и къуэрыльхъу Идаррэ и гъусэу

Саримэ и гъусэр ипхъу Сабринэрэ и къуэ Альбертрэщ

● Жьыщхьэ махуэ

Тхьэмадэ щыпкъэ Гъубжокъуэ Алихъан

Къэбэрдей-Балъкъэрым и адыгэ жылагъуэхэм ящыщу ипщэ лъэныкъуэмкІэ нэхъ пыІуКІуэта дыдэу щысыр Шэрэдж куейм хьхьэ Жэмтхьэлэ къуажэращ. Ар ди лъэпкъым и тхыдэм, и бзэм и хабзэхэм пщІэ нэхъ щыхуащІ, ахэр хьумэным щыхуэсакъ жылэхэм яхэтлъытэри, иджыблагъэ дэ абы аргуэру щыхьэт дытехуащ, а къуажэм дэс Гъубжокъуэ Алихъан теухуа тхьэлъэІу-зэхьхьэм дыщыкІуам.

ЖЭМТХЬЭЛЭ псы цІыкІур къызыдэк мэзыльэ тІуащІэм и дыхьэпІэм пэмыжыжьэу кьыщыІэ хуей мащІэм зыщиубгъуащ Налшык къэрал опытнэ щэкІуэ хозяйствэм и щІыпІэ кьудамэм и хэщІапІэхэм ящыщ зым. Абы дащІыхьа ухуэныгъэхэм кьахощьхэуэкІ зи унащхьэр лъэныкъуэтІыкІи ехьэха, пхъэм кьыхэлІущІыкІа унэ зыкъызыхьар.

Къэзыуфыхьа жыгхэмрэ кьуаеІ-чыщэмрэ я кьыхаГъэзыбзыкІа пщІантІэм дыщыІуХьэм, хьэщІэ псори иджыри кьыззхуэсатэкъым. Ар кьэдгъэсэбэпри, тхьэлъэІур зытраухуа Алихъан делъэІуащ гъунэгъуу щыт и шым шэсу, уэрэд едзыгъуэ дыщІигъэдэІну, телевидеэм кьыкІаэжам ар трыригъэхьну. Адыгэ фащэ екІум щІакІуэ дгъэуэр кьеубгъуэкІыжауэ и «джэмыдджэкьым» асыхэзым кьытехута лІым дэ кьытфІигъэщІащ лъэхэзэ жыжьэм кьыхэбэкъукІа шу тепыІэнщэ гуэр ди пащхьэ кьиувауэ. ЩІыр лъэбжьанэкІэ кьируду и лъабжьэм фІыщІэджэгухь шыми а панІэзыпІэм зыкъызэкъуэзыха жьыми кьамыгъэдзыхэу, Алихъан ГъущІыпсэ и уэрэджьжьыр кьыхидзэри и кІыхьаГъкІэ жиІащ. ТеплъэгъуэР апхуэдизкІэ телъыджэт, удзэныхьэхти, дыкъэзыхъуреихь дунейри, дэщхьу, абы игъэдымат...

«Уэрэдыр и Іэпэгъуу» зыфІаща тхьэлъэІуэзэхьхьэр щІэкъэзыІуэу икІи гукъинэжу зэрекІуэкІар я фІыщІэщ кьуажэм дэт Щэнхабзэмкі3 унэм и лэжьакІуэхэмэ. Пшыхьыр дахэу икІи зэгъэкІуэуэ кьызэрэпэщыныр псом япэу зигу кьэкІари абы ерыщу яужь итари зи гугъу тщІы Іэхущ1апІэм сабийхэр музыкэм хуегъэджэнымкІэ, абыхэм театр теплъэгъуэр яхуэзэхгъэувэнымкІэ и режиссёр-хормейстер Къэгъэзэж Залинэщ.

- ТхьэлъэІур кьызыхуетхьэжьа Гъубжокъу Алихъан и адэ кьуэшыи и кІуэ Іэхьеф Щэнхабзэмкі3 унэм и унафэщІу илъэс кІуэдкІэ лэжьащ, - кьыджиІащ абы. - Ауэрэ здекІуэкІым, 2002 гъэм, уэрэдыжьхэмкІэ зэпеуэ ди республикэм зэрыщызэхашэм, абы хэтынухэм дэри дззэрыщыщым и хьыбар зэхэтхащ. Дыгузавэри, дызэупщІжащ: «адыгэ уэрэдыжь хуэгъэзащІэну ди кьуажэм зыгуэр дэсыжу пІэрэ?» жьІтІри. Абдежьращ Іэхьед кьыщытхуиІэтар и адэ кьуэш нэхъыщІэм и кьуэ Алихъан уэрэдыжьым пищІ зэрыщымыІэри, ахэр гъэззщІэным зэрыхуэІэззри. Ар зэрызэхэтхыу, дэ, Гъубжокъуэхэ Іэхьед, Бозийкэ Лерэ, сэ, гуп цІыкІу дыхъуу, дызэрогъэІущри, Алихъан деж докІуэ, Щэджэм зэпеуэм тхуэтынуделъэІуну. ДыздэкІуамдыкьигъэщІэхъуэ-кьым - зэхьэзэхуэм нытхуэкІуэри уэрэдыжь зыбжани щыжиІащ. Ар зыльэгъуахэм Алихъан щхьэкІэ: «Мыр дэнэ кьызэдифхар?! Кьуныжь Хьэждал къэтэджыжа фІэкІа тщІэркъымми! И уэрэд гъэІуКІэри сыту ещхьыщІ!» - жаІэрт. Къызэхуэсахэм апхуэдэу ягу дыхьа ди кьуажэгъум здэкІуам япэ уэрэдыжь и кьыщыхуэгъэфащауэ щытащ.

АдэкІэ дэ дыбГъэдыкащ Залинэ зытепсэлъыхьа, Жэмтхьэлэ кьуажэм фІыуэ кьыщащІыху, уэрэдыжьхэр гъэззщІэным теухуауэ республикэм щекІуэкІа зэпеуэхэм япэ увыпІэхэр мызэ-мытІэу къыщыщызыха езы Гъубжокъуэ Алихъан.

- ТІэкІу сыкъызэрыдэкІуэтейр уэрэд жьІэным сыдекьэх. Зэгуэр, курыт еджапІэм иджыри сыщІэсу, ди кьуажэм кьэкІуат республикэм фІыуэ кьыщащІыхуу щыта джэгуакІуэ, уэрэджьІакІуэ Іэзэ Ало ЛутІэ. Абы клубым щыжиІа уэрэдэхэр сигу изубыдауэ щытащ. Иужьыми, ар зэхэц щІыпІи щыжысІэу кьэзублащ: цІыхуэхэм сащыхьхьэми, унэм сыщыщІэсми, мэл, Іэщ гъэхъуным сыпэрыту губгъуэм сыщитми уэрэдыр си Іэпэгъуу сыкъекІуэкІащ. Зэгуэр, си адэ кьуэшым и кьуэ Іэхьед иджыри клубым и унафэщІу щыщытэм, абы кьыдзажьэхэм сраджэри, уэрэдитІ щыжьзагъэІауэ щытащ, - зи гугъу ищІыр и нэгу кьыззэрыщІэуэ-вжьыр кьыдигъащІэу, кьыхтхуогуфыкІ Алихъан. - Мыдрейуэ, си дуней тетыкІам и гугъу тщІымэ, тыншу сыпсэуауэ зыкъызэлъытэж. Сыт ар кьызыхэкІар жьифІэмэ, кьэзгъэщІам и кІуэцІкІэ зыми сеижакъым, сефыщІуакъым, леи ёсхакъым.

Ахэр кьытхуэзыІутэж тхьэмадэр бжьыфІэщ, зэпІэззэрытІ, зэрыугъурыри и кІэгу щІэтщ. И псэлъэкІэри и зыныГъыкІэри щыхьэт зытехуэр гъащІэм кьыхихауэ акъыл жанрэ гупсысэкІэ узыншэрэ зэриІэщ, хабзэм и лъапІагъэхэр игъэнэхъапэу кьызэрыгъэГурыкІуэрщ.

Тхьэпэлъэ-зэхьхьэм макъамэ екІуэр щызыгъэІу щІалэхэм дакъыблэкІри, Щэнхабзэмкі3 унэм и художественнэ унафэщІ Бозий Лерэ дыбГъэдыхьащ.

- Мы зэманым ди клубым сабийрэ ныбжьыщІэу 50-м щІигъу кьоклуаІэ, - жиІащ абы. - Абыхэм яхэтщ уэрэд жьІэным хуэдгъаси, музыкэм хуэдГъаджи, кьэфэкІэ зэдгъащІи, театр теплъэгъуэхэм зыкъыщыщызыгъэпъэгъуэныр зи щІасхэри. ЖьІэпІэ хъунущ ЩэнхабзэмкІэ унэм щылажьэхэм щхьэж и Іэнатіэм щыкуэзфІэкІ къэдмыгъанэу, зыхуэдГъуэжьыжьа кьаІэнхэми дехъуІэу. Мыри кьыхэзгъэщыну сыхуей: дызыщІэс унэр Іэхуитлъэхуитму, щымахуэм Іуэху щызэхьэгъуейщ, дахэ-дахэу кьаззрыхуэмыгъэпІым кьыхэкІы. Ауэ сабийхэм ядэлэжьэн абы щхьэкІи кьэдгъанэркъым.

ПщІантІэм дзт жыгхэм ящыщ щы и лъабжьэм щІагъэуэ тетІысхьэпІэм тес нанэхэм, гу ялъиттэри, дабГъадыхьащ. ТІури Гъубжокъуэхэ япхъуэ, Алихъан и шыпхъухэщ, нэхъыжьмэ и цІэр Сашщ, нэхъыщІэр Роэзщ. Я дэпхъуи и гугъу кьытхуащІыну делъэІуащ.

- Алихъан и псэукІэр -и Іэгуфэр и Іэнэ!- зыхужаІэм и хуэдэщ. ЗэрысщІэкрэ апхуэдэщ, - жиІащ Роэз.

- ЛІы гумащІэщ, - кьэпищащ Саш.

Абдежьм тлъэмыкІыу деплъэкІащ жыжьэу тпыІуКІуэтэуэ щыс Алихъан дежкІэ. ТІъэгъуар шыпхъу нэхъыжьыжьм жиІам щыхьэт техьуа фІэкІа пщІэнтэкъым: тхьэмадэ Іумахуэр сабийхэм яхэст, уэрэд кьэхидзэрэ абы кьикІым щабэу яхутепсэлъыхьыжу.

И шыпхъуэм зэрыжаІамкІэ, Алихъан къэзыльхуа и адэ-анэм бынибл яІащ. Ахэр зэрызэзкІэлъыкІуэу къэбГъэльаГъэщ: КІуэлэ, Амырхъан, Наурыз, Наурбий, Саш, Алихъан, Роэз сымэщ.

«Уэрэдыр и Іэпэгъу» зыфІаща пшыхьыр зэхэшэнымрэ абы кьекІуалІэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ яхуэзфІэкІ кьагъэнахьыр ар щрагъэкІуэкІа пщІантІэр зыхиубыдэ, Налшык къэрал опытнэ щакІуэ хозяйствэм и щІыпІэ кьудамэм и унафэщІ Гъубжокъуэ Хьэчимии Алихъан игъэ Марини.

Мыри гъащІэгъэнэщ: тхьэлъэІу-зэхьхьэм кьекІуэлІэхэм зэхьхьэжьафІу яхэта Іэхьед республикэм фІыуэ кьыщащІыхуу щыта усакІуэ Гъубжокъуэ Лиуан и кьуэш нэхъыжьщ. Пшыхьым и кІэм кьыщащІэта Іэнэм хабзэ екІу зэрыщызэрахьам нэхъыбэу си фІыщІэ хэлъри аращ.

КЬУМАХУЭ Аслъэн.

● Дэ къытхуатх

Гуапэу сигу илъщ

Нобэ ди нэгу щІэкІэм кьудым срагъэгупсыс икІи сагъэнэщхьей. ГъащІэ щыхъукІэ, гугъуехьэри и бзэ. Дэрэ дыпхьащ лъэпошхьэпо кьэдым. Ауэ зэи тщыгъупщакъым мамырыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я уасэр.

1957 - 1960 ГЪЭХЭМ сэ дзэ кьулыкъур щесхьэкІащ Кьыргъызым и кьалащхьэ Фрунзе (иджы Бишкек). Къэбэрдей-Балъкъэрым дикІахэр адыгэ щІалэ 18 дыхьурт. Кавказ Ищхьэрэм щыщхэр дыбзаджэу, дыеІуящІэут дакъызэрыщыхъур. АрщхьэкІэ кьулыкъур зэретхьэкІа илъэсищым кьриубыдэу ягу кьыщІыдэбГъэнрэ дзыхь кьыщІытхуамыщІынрэ кьыщдалъэгъуакъым. ЩІалэхэращи, зы унагъуэм дикІам хуэдэу дыззэрыыІнгъащ.

Взводым и унафэщым гупыр щІэдджьыжьым щхьэхуэу дигъэуври, махуэ зыбжанэкІэ губгъуэм лэжьакІуэ дыззэрашэр кьыджиІащ. Бжьыхьэт, кІэртІоф кьэтІыжьыгъэт.

Колхозэхтэм фІыщІэ кьытхуащІу зэфІэтхащ кьалэн кьытщащІа Іуэхур, кІэртІоф кьэпи 10 тыгъэ кьытхуащІащ. Частым дыкьэсыжа нэужь, гупыр дыззэгурыІуэри, ахэр хуедГъэшащ взводым и нэхъыщхьэм и унагъуэм: дэ шхыныр гъунэжу диІэт, ар бынунагъэушхэт. ПхужьмыІэным хуэдизу ди гулъытэм щыгуфІыкІащ урыс щІалэмрэ абы и щхьэгъусэмрэ. Пэжщ, япэщІыкІэ ар ТІымыжьы, кьахуемыГъэззэгъыу дызэныкъуэкъащ. Ауэ дэрэ ди псальэм дахутекІакъым, ди дежкІэ ящІэрэ щІэзэщ жьІтІри. Апхуэдэу екІуэкІыурэ адыгэ щІалэхэмрэ дэ тхэлъ хабзэ дахэхэмрэ адрейхэм щапхъэу хуагъэльаГъуэ дыхъуащ. Япэрауэ, дызэкъэзэтт, щІакхъуэ Іыхьэр зэдздгъэшырт, кьаланым я нэхъ гугъур пщэрыльэ кьытщащІами, дгъэзащІэрт. Абы гу лъамытІу кьэнэртэкъым ди унафэщІхэми.

Махуэ гуэрым ди дзэ частым и ІуэхукІэ сэлэт зыбжанэ дагъэкІуащ Фрунзе кьалэм кьеІуалІэ гъущІ гъуэгу станцым. Зызыхуэдгъэзэн хуей унафэщІыр дымыгъуэтауэ кьыщыщІудгъэзыкІыжьм зы урыс цІыхуЗ кьытКІэльыджащ, дэнэ фІыщІ, жери. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыжьтІэм, дегъэгъэзэжри унафэщІыр здэщыдэ кьыжеІэ. КъызэрыщІэкІамкІэ, ар абы и щхьэгъусэт.

Гупыр унэм драгъэблагъэри, Іэнэм темылъ щымыІэу, дагъэхьэщІэ. АпхуэдизкІэ щІагъэ кьыдэзыха щІалэр лъэпкъкІэ балъкъэрт. И цІэр Мишэт. Службэр кьэдуахуаеу дэ адыгэ щІалэ гупыр гъуэгу дыкъыщытехьэжьым Мишэрэ абы и щхьэгъусэмрэ частым кьакІуэри, сэлам гуапэ кьыдахьжащ. Абы и мызакъуэу, а тІур Тыркумэн Республикэм и гъунапкъэм нэсыху кьытКІэлъыкІуащ, псоми гуапэу Іэплі3 кьытхуащыжьри, итІанэщ щІалэгъэжар. Си ныбжьыр илъэс 78-рэ ириКъуащи, а балъкъэр унагъуэм дэтлъэгъуа гуапагъэр си гум ихуркъым. Кьулыкъу нэужьым сэ куэдрэ сыплъыхьуащ, ар зыцІыху е и Іыхьлы и лъагъуэ сытехьэну сыхуейуэ. АрщхьэкІэ згъэзатекъым. Си гум щІэмычу кьоуэ абы и унэцІэмкІэ дызэремыупщІар. ДыщІалэт, ди гур здыкъэзыщ куэд щыІэт.

СРЫКЪУЭ Хьэжсуф.

Налшык къалэ

● Щапхъэ

Іэщіагъэр псэкіэ къыхэпхамэ

Дохутыр Іэщіагъэр игъащіэми ялъытэ ціыхухэр Іэмалышэу зыхуейхэм, зыхуэныкъуэхэм ящыщу. Щыгъын хужь зыщыгъ ціыхум махуэ къэс эфіих лэжьыгъэр куэдым хуагъадэ ліыгъэм, сыту жыпіэмкіэ абы бгъэдэлъ щіэныгъэри, эффэкіэхэри, къаурри зыхуэгъэпсэр зыщ: дэіэпыкъуэгъу хуэныкъуэ сымаджэм узыр щхьэщыхьи, абы и гъащіэр хъумэн. Ар зэхэзыщыкі дэтхэнэми дохутырым пщіэ лей хуещі, абы хуегъэфащэ фіыщіэрэ щыхтхуэу щыіэм я нэхъыфіри.

ЗИ ГУГЪУ тщы дохутыр Іэкіуэлъакіуэхэм ящыщщ Налшык дэт Республикэ клиникэ сымаджэщым мафіэсым и зэран зэкіахэр гъэхъужыныжкіэ и къудамэм и хирург пажэ, травматолог-ортопед ціэрыліуэ Теунэ (Хъаний) Анджелэ Мышэ и пхъур. Илъэс 30-м нэсащ а бзылъхугъэ щыпкъэр и Іэнатіэм хьэлэлу зэрыпэрытрэ. Зи Іэщіагъэ ирагъэгъуэтащ. Зэлымбэм къуажэм щызэхэт хозяйствэм илъэс куэдкіэ щылэжьащ ветеринар. Зэфіэкі лъагэ зиІэ щіалэм гу къыльатащ. Ар иджыпсту мэлажьэ Ветеринар кІэлъплъыныгъэмкІэ щыиалъэ управленэм Тэрч районым щиІэ къудамэм и къэрал ветеринар-инспектору.

Быным я нэхъыжь Анджелэ зэрысабийрэ щІэхъуэпсыпт дохутыру лэжьэну. Школым щыщІэса илъэсхэми гулъытэшхуэ хуищІырт химие, биологие предметхэм.

- Медицинмэ лэжьакІуэ сыхъуным нэхъри сытригъэгушхуэу щытащ си школ егъэджакІуэ Къуэдзокъуэ Ларисэ Хьэутий и пхъум. Биологие предметымкІэ зэкъуэгъэкьым абы дыздригъэхьэхьэр, атІэ еджакІуэхэм ди Іуэху еплъыкІэ диІэжу, ди гупсысэр къэтІуэтэфуи дигъасэрт, - школ илъэсхэр игу къегъэкІыж Ларисэ. - А щІэныгъэм апхуэдизу сызыІэпишати, дохутыру седжэным хуэгъэпса си мурадыр нэхъ быдэж хъуащ абы щыгъуэ.

И хьэпсапІэм лъэІэсащ Анджелэ. Курыт школыр дыщэ медалкІэ кІыуэри еджэным щыпищащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым.

Студент гъащІэри купщІафІэу ирихьэкІащ хъыджэбз Іущым. Ар жыджэру хэтащ факультетым, университетым щекІуэкІ жылагъуэ гъащІэм, щІэныгъэ-къэхутэныгъэхэми дахьэхырт. Хирург Іэщіагъэм нэхъ кІууэ хуеджэ Анджелэ кІыльытэрт дохутыру улэжьэн ипэкІэ, медсестрам и кІалэнхэми ущыгуфІэзэу ущытын хуейуэ. Абы къыхэкІыу, 1987 гъэм, ещанэ курсыр кІиуха нэужь, студенткэ жыджэрыр Республикэ клиникэ сымаджэщым мафІэсым и фэбжь зытелъэр щагъэхьуж и къудамэм уваущ Іуэхущ Іапіэм и дохутыр нэхъыщхьэ Пэрщокъуэ Бетіал и чэнджэщкІэ икІи, зэреджэм хуэдэурэ, илъэсищкІэ абы медсестрауэ щылэжьащ. Иужькіэ, хирург Іэщіагъэ зригъэгъуэта нэужь, а къудамэм дохутыру къэнжащ.

- А илъэсхэр хуабжу сэбэп къыслухъуащ си Іэщіагъэм нэхъри сыхэгъуэзэныжкІэ. Мафіэсхэм сэкъатхъэхьэхьэхэм я зэкъуэтэкъым ди къудамэм къыщІэгъуалъхьэр. Абы къашэрт щыІэм исахэри, псывэм, н.къ. хуэдизкъм я зэран зэкІахэри, нэгъуэщІ фэбжь зыгъуэтахэри, - жеІэ Анджелэ. - Уэым хигъэзыхь сымаджэр, псом япрауэ, хуэныкъуэщ дохутырым, медсестрам я псалъэ гуапэ, дахэ. Апхуэдизу щытмэщ абы епхъэлІэ хущхьуэм, уи Іэзагъым, щІэныгъэм я кІаурр здынэсыр нэрылъагъу нэхъ щІэхьыщхьэнр.

Щэч хэлъкъым - дохутыр Іэщіагъэр къыхэзыха дэтхэнэри и гъащІэ псокІэ ирокІуэ щІэныгъэщІэ къэугъуеиным и гъэгум. Нэхъ дохутыр Іэзэ дыдэми зэи щигъэтыркъым и щІэныгъэм, зэфІэкІым, Іэзагъым, и Іэщіагъэм епха зэхэщІыкІым хигъэхъуэныр. Апхуэдизу и кІалэнхэр зэрырихьэкІыр Теунэм. Анджелэ нэсу къыгуроІуэ сымаджэм ехьэлІауэ дохутырым кьищтэ унафэ дэтхэнэми абы и узынщагъэр, уеблэмэ и гъащІэр хъумэнымкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Апхуэдэ гупсысэхэр и гъэзэгугъэлъагъуэу Теунэм щІэмычэу хегъахъуэ бгъэдэлъ щІэныгъэми зэфІэкІми. Ар щыІащ къуаралым и кІалащхьэ Москва дэт клиникэ лъэрызехьэхэу Вишневскэм, Склифосовскэм я щІэхэр зезыхьэ институтхэм мафІэсым фэбжь хэзыхахэм щеІэзэ я къудамэхэм, Владикавказ, Саратов кІалэхэм дэт сымаджэщ нэхъыщхьэхэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэми. Анджелэ зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ зэпыщІэныгъэхэм, Іэщіагъэлі щІэрыІуэхэм я Іуэху зехьэкІэ пэрытхэм якІэлъыплъыным мыхьэнэшхуэ яІэщ дэтхэнэ дохутырми и Іэшамэ нэхъри хигъэхъуэнымкІэ, щІэныгъэщІэхэр зригъэгъуэтыныкІэ.

- Уи Іэщіагъэмкіэ щІэныгъэ куу убгъэдэлъыныр ар, дауи, нэхъыщхьэщ медицинэ лэжьакІуэхэм я дежкІэ, арщхьэкІэ, сэ кьызэрысльытэмкІэ, абы ипэ йоувэ щіыхур фІыуэ плъагъун зэрыхуейр, сымаджэм бзыпчу, тэмакъкІыжьу ухущытынкІэ, набдзэгубдзапІъэу, зэхэщІыкІ уиІэу убгъэдэтынкІэ, - гъащІэ гъусэ хуэхъуа и Іэщіагъэм топсэлъыхь Теунэр. - Апхуэдизу ди Іэнатіэр етхьэкІынымкІэ дапщэщи дыхъущІокъу.

Анджелэ и дежкІэ дохутырыныр ар Іэщіагъэ къудейкъым - ар хъуащ а бзылъхугъэм и гъащІэм, псэм, гупсысэм и мардэ. Уэзр зэІэ, абы игъэдзыхэ ціыхум Теунэм тыхь хуещІ Тхьэшхуэр къызэрыхуэупса махуэхэм я нэхъыбапІэр. Аращ абы сымаджэхэри абыхэм я Іыхьлыхэри къыщІыхуэарэзыр, къыдэлажьэхэми Іуэхущіапіэм и унафэщІхэми ціыхьрэ пщІэрэ къыщІыхуащІыр. И лэжьыгъэ хьэлэлым къыпэмыуэу хирург Іэкіуэлъакіуэм мызэмыгІэу къыхуагъэфэщащ Республикэ клиникэ сымаджэщым и администрацэм, КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм къабгъэдэкІ щытхъу, фІыщІэ тхьилъхэр.

Апхуэдизу лэжьыгъэ зи Іэнатіэм щызэфІэзых Теунэр дехьэх республикэм щекІуэкІ жылагъуэ гъащІэми. Хэкъпсэнэхэсбзылъхугъэм и фІыгъэщ къызыхэкІа Хьанийхи зыхэс Теунэхи я лъэпкъ лакъыэр кууэ джын зэрыщІадзар. Дэфтэр хъумапІэм щІэлъ тхьилъхэр иджыри, лъэпкъхъэм я нэхъыжьыфІхэм я хъыбархэр зэхуихьэсыжурэ, Анджелэ зэхигъэувэжащ Хьаниийхэ, Теунэхэ я лъэпкъ ліакъуэ жьгъэр. Абы и мурадщ а лъэпкъхэм я теуачуэ тхьилъхэр игъэхьэзыру, суртэхэри щІыгуу къыдигъэкІыну.

- Си дэлъхури хуабжу къызэдэпыкъащ а лэжьыгъэр щызэблэм. Лъэпкъым и нэхъыжьхэр зэгъуэсу зэхуэтшэсурэ ди къэкІуэкІыкІам епха хъыбару хэт сыт ищІэми жедгъэІэжащ, ахэр псори видеокамерэкІэ тетхащ, - жеІэ Анджелэ. - Хьэпсэнэхэс бзылъхугъэм и фІыгъэщ къызыхэкІа Хьаниийхи зыхэс Теунэхи я нэжь, пщыхьэпІэу сльэгъуат хэкупсэ нэсу, адыгэгурэ адыгэпсэу дунейм тета си адэшхуэ Муарат (ар илъэси 113-кІэ псэуащІ) къызэрысхуэзарэзыр къызигъащІэ пэлъытэу.

Зыпэрыт Іэнатіэмэ жылагъуэ Іуэхуэхэми щыжыджэр бзылъхугъэ гъащІафІэм унагъуэ дахи иІэщ. Абыр и щІыбагъуэ Хъусенрэ зэгурыІуэрэ зэдзэуэжу, пщІэрэ нэмысрэ я зэхуакуэ дэлъу, куэдым щапхъэ яхуэхъуу зэдопсэу. Хъусен ухуакІуэ Іэзэщ, и Іэщіагъэмкіэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ иІэщ, зэфІэкІ лъагэ бгъэдэлъщ. И лэжьыгъэфІым папщІэ зыбжанэрэ къыхуагъэфэщащ КъБР-м Промышленностымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм и щІыхь тхьилъхэр. Зэщхьэгъусэхэм къащІэхъуащ хъыджэбзищ: Марьянэ, Миланэ, Ланэ сымэ. Пщащэ нэхъыжьитІыр анэм и лъэужьым ирокІуэ: ахэр дохутыр Іэщіагъэм щыхуэджэ Сеченовым и цІэр зэрихьэу Москва дэт езанэ медицинэ университетым. Марьянэ ерджэнэ къуажэм, дипломи плъыжьрэ медалкІэ, иджы ординатурэм щІэсщ. Миланэ 4-нэ курсым нэсащ. Быным я нэхъыщІэ Ланэ илъэси 8 хъууэ аращ. Ар школакІуэщ. И шыпхъу нэхъыжьхэми хуэдэу, ари «фЫы дыдэ» защІэкІэ йоджэ, абыхэми хуэдэу, дыщэ медалкІэ школыр кІиуриныи и мурадщ. Къыхихьну Іэщіагъэр белджылыкъым зэкІэ, ауэ сурэт щыным, усэ щыкІуэхэр адыгэбзэкІэ зэхэлъхьэным дехьэх. КъыжьыІапхъэщ Марьянэрэ Миланэрэ лъэныкъуэ куэдкІэ зэчий зыбгъэдэлъ пщащэу зэрыщытыр. Ахэр литературэм, усыгъэм, спортым, уэрэд жьІэным, лъэпкъ къафэм дахьэх. Зыхуеджэ дохутыр Іэщіагъэм къыдэкІуэу, а унэтІыныгъэхэмкІэ екъуІэныгъэ куэд зыІэрагъэхьащ, УФ-м и Президентым и грант нэгъунэ хэту.

Дохутыр Іэзэ, хэкупсэ нэс, унэгуащэ Іэкіуэлъакіуэ, щхьэгъусэ пэж, анэ гумащІэ Теунэ Анджелэ и Іэщіагъэми, и унагъуэми, и бынэми дэрэжагъуэрэ гукъыдэжрэ яІэгуфІыкІуэ, гъапІапІэхэм нэсу, екъуІэныгъэщІэхэр зыІэрирагъэхьэу, быным ядэгушхуэу, ядэгуфІэу куэдрэ псэуну дохъэхьэу. Гурэ псэкІэ къыхиха и Іэщіагъэм темызащэу иджыри куэдрэ ирилэжьэну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Школакіуэр щыщІыкіум щыщІэдзауэ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ дригъэхьэхьфмэ, абыхэм я купщІэм нэсу щыгъуазэ ищІыфмэ, адыгэ хабзэм фІыгъуэу хэлъыр къигуригъэІуэфмэ, лъэпкъым ціыху нэс хуэгъэсэным теухуауэ егъэджакІуэм и мурадыр къехъулІащ.

Дыгъэм нэхърэ нэхъ нэхущ

● Щэнхабзэ

АРАЩ зыхущІэкъур Псыгуэнсу къуажэм дэт ещанэ курыт еджапІэм илъэс куэд щІэуэщылажьэ Шэрыіужь Людмилэ. Абы щІэблэр хурегъаджэ гъуэзджэм. Людмилэ фІы дыдэу къыгуроІуэ ныбжьыщІэхэр зэман кІыхькІэ хьэулей зэрымыхъунур, ар зыгуэрым дебгъэхьэхьмэ, Іэхъу мыхъумыщІэхэм пэІэщІэу зэрыщытынур икІи зэчий зыбгъэдэлъ щІэблэ гупышэу зэхуишэсауэ уэрэдыІ, къафэм хуегъасэ. Шэрыіужьым и лэжьыгъэм теухуауэ иджыблагъэ семинар щекІуэкІащ 3-нэ курыт еджапІэм. Абы кърихьэлІащ Аруан щыналъэм егъэджэныгъэ Іэхъухэмкіэ щыІэ РУНО-м и лЫкІуэхэр, районым и адрей жылагъуэхэм дэт школхэм музыкэмкІэ щезыгъаджэхэр. Утыкум къихьа ныбжьыщІэхэр япэщІыкІэ кІэщІу тепсэлъыхьащ я жылэм къыдэкІа цІыху цІэрыІуэхэм, абыхэм я Іэхъущіафэ дахэхэм. Абыхэм ящыщщ Псыгуэнсу къуажэм и мызакъуэу, Къбэрдей-Балъкъэрым, адыгэр щыпсэу адрей щыналъэхэм къыщаціыху Къардэнгъущі Зырамыкіу, Акъсырэ Залымхэн, Болэ Мурат, Мысостышхуэ Пщыгэбий, Шэрыіужь Анатолэ, Балъкъыз Валерэ, Црым Руслан сымэ, нэгъуэщІхэри.

Людмилэ и гъэсэнхэр кьеджащ усэхэм, уэрэд зыбжанэ ягъэзэщІащ, Іэзэу къэфахэщ. Зи къуажэ зыфІэмыдзэхэ, фІыуэ зыимылъагъу щыІэ! Шэрыіужьым и гупми къыдэхуэсахэр ирагъэдэІуащ я жылэм теухуа усэхэм:

Нарт и щІыналъэм хэмыт
зы къуажэ,
Жанхъуэтхьэблэм хуэдэу
дахащэ,
Уи пщащэ дахэр мазэщІэ
набдзэщ,
Уи щауэ уардэхэр пелуан
защІэщ ...

Гухэхъуэт утыкум къихьа ныбжьыщІэхэм я зыкъэгъэльэгъуэкІэр плъагъуну. ЗэІущІэм къырихьэлІахэр абыхэм апхуэдизкІэ дихьэхати, ар зэрекІуэкІа зэманыр кІэщІ дыдэу къащІыхъащ.

- Хуабжу гъащІэгъуэн сщыхъащ нобэ дызэплъа гъэльэгъуэныгъэр, - жеІэ Аруан РУНО-м и къудамэм и унафэщІ Такъ Іэсият, - сабийхэм икъукІэ телъыджэу зыкъагъэльэгъуащ. Іыхьлейуэ сызыщыгуфІыкІар зэІущІэр зыгъэхьэзырар дызэдеджэу, куэд щІауэ сызэриныбжьэгъурщ. Нобэ иджыри зэ хьэкъ сщыхъащ Людмилэ и ІэщІагъэм зэрыхуэІэижьыр, игури и псэри етауэ и Іэнатіэр зэрызэрихьэр, и гъэсэнхэм хабзэр ящІэу, щэнхабзэм дихьэхьыу, гъуэзджэр фІыуэ ялъагъуу зэрыщытыр. Тхьэм хущІигъэхьэ. Іейуэ си гуапэ хьунущ а щІэблэм щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр къаухкІмэ, гъащІэм гъуэгу дахэ щІапхашмэ.

Шэрыіужь Людмилэ и гъэсэнхэм ягъэхьэзыра теплъэгъуэхэр гунэс щыхъащ икІи а Іуэхум и кьызэгъэпэщакІуэмри, утыкум зыкьыщыізыгъэльэгъуахэми ехъэхъуащ егъэджакІуэм, утыкум зыкьыщыізыгъэльэгъуахэми ехъэхъуащ егъэджакІуэ Семэн Іэмсирэт:

- Уэ нобэ ди пащхьэ кьиплъхьа пшыхьыр икъуэкІ дахэщ, дызыхуейщ, Людмилэ. Утыкум ита сабийхэм я бзэр кьабзэщ, дахэщ, шэрыуэщ. Мыхьэнэшхуэ иІэу собж мыпхуэдэ Іуэхум. Ди щІэблэр кьотэдж жьлэм и тхыдэм щыгъуаззэ, я бзэм пщІэ хуащІу, я гъуэзджэр фІыуэ ялъагъуу. Мыпхуэдэ Іуэху бгъэхьэзырын папщІэ, абы и щІыбагъ лэжьыгъэшхуэ къызэрыдэтар си фІэщ мэхъу. Фбгъуэ куэд кьрикІуэну собж нобэ дыгъэлъэгъуахэм, ціыкІуэ. Мис, ди лъэпкъыр адрейхэм кьаззрыщхьэщыкІ ди хабзэ дахэр зыхуэдэр фощІэ, анэдэлъхубзэр фогъэшэрыуэ, ди гуъуазджэм узэрыгушхуэ хъуну хэтхэр фоцІыхУ. Фэ езыр балигъ фІыхъумэ адакІэ фи ужь кьиувэну щІэблэм а псор зэрабгъэдэфпъхьэным фЫуэщІэкъу.

Пшыхьым щыхьэлІахэм ящыщщ ди щыналъэм фЫуэ къыщацІыху уэрэджьІакІуэ Іэзэ, гъэсакІуэ Даур Иринэ. ЗэІущІэм кьрихьэлІахэр абы ирагъэдэІуащ «Си Налшык» жьхуиІэ уэрэдым. Шэрыіужь Людмилэрэ Даур Иринэрэ я гъэсэнщ утыкушхуэхэм мызэ-мытІэу уэрэд щыжьзыІа Къудей Асхэр.

Къуажэ школым щигъэзащІэ лэжьыгъэшхуэм нэмыщІ, Людмилэ хэтщ гъуэзджэм теухуауэ республикэм щекІуэкІ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми. Псалъэм папщІэ, уэрэдыжьхэр щагъэзащІэ Іэнатіэхэм, Думэн Мурадин къызэригъэпэщхэм, абы и макъ дахэр щызэмытІэу щыІуащ. Къимыдэкіэ, Людмилэ жьыджэру хэту щыпльагъуныгъ адыгэ Іуэхум епхауэ куейхэм щызэхащэ зэхьыкъэ зэхуэмыдзэхэм.

Ди гъунэгъу лъэпкъхэм ящыщ зым иІэщ псалъэжь «Фыуэ плъагъу лэжьыгъэр дыгъэм нэхъ нэхъ нэхущ», - жиІэу. Ар щыжаІар Шэрыіужь Людмилэ хуэдэ ціыхуу къыщІэкІынщ. Ди гуапэщ зи Іэщіагъэм нэхъуеиныгъу бгъэдэт егъэджакІуэм и мурадхэр кьехъулІэну, къуажэм и мызакъуэу, адыгэр зэрыгушхуэн ціыху и гъэсэнхэм кьахэкІыну, нобэ иІэ пщІэм хэхъуэ эзпыту и гъэсэн и щІасэ лэжьыгъэм илъэс Іэджэкіэ пэрытыну.

ЖЫГУЭ Иннэ.
Псыгуэнсу къуажэ

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Джыназышхуэхэу Сергейрэ Павелрэ *(Урыс пащтыхь Александр ЕтІуанэм и къуэхэр)* **юнкерхэм я адыгэ фащэр ящыгъщ. Тіуми я ныбыщ саут тхьипхъэкІэ гъэщІэрэщІа щэрджэс фочхэр, дыжьын сампІэм илъ хьамэхэр, зи Іэпщэр дыжьынкІэ къищІыкІа сэшхуэхэр**.

Бытырбыху, 1860 гъэ.

● Гу зылъытапхъэ

Илъэс 30-кІэ Америкэм щылэжьа егъэджакІуэм

инджылызыбзэкІэ хуиту фыкъеджэу икІи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-хэм ит сабийхэм;
- балигъхэм (студентхэм, бизнесменхэм).

Гъэмахуэ зэманым лажьэ школ щхьэхуэ къыізэрегъэпэщ.

Езым и Іуэхур зэрыхуэхъум хуэдэу дэтхэнэри тхьэмахуэм щэ къекІуалІэ хъунущ.

Еджэн щІадзэ мэкъуаугъуэм и 10-м.

Зезыгъэтхьэнухэр кьэпсалъэ хъунущ **8-967-417-78-85** телефонымкІэ.

● Абы дегъэпІейтей

«Спартак-Налшыкыр» зэкІэ хуит ящІакъым ящэ дивизионым хэтыну

Урысей Федерацэм и Футбол Лъэпкъ Лигэм вэсэмахуэ щызэхэта лицензировэнэмкІэ комиссэм и зэІущІэм «Спартак-Налшыкыр» щыпхьІакъым. Абы къокІи ди командэр ящэ дивизионым щыджэгуну хуимыту.

ХЪЬБАР къызэрыІэрыхьамкІэ, «Спартак-Налшыкым» и лицензэр пхагъэкІыну Мэзкуу ягъэкІуахэм комиссэм и пащхьэм иралъхьэн хуей документхэм ящыщ зыр здахьыну къащыгъупщащ. Арщхьэкіэ ар фІэщщІыгъуейщ. ЩІхьэусыгъуэ нэсыр мыпхуэдизу (зэрыхуаГъэфащэмкІэ, сом мелуан 300 - 350-рэ) зытекІуэдану ящэ дивизионым и зэхьэзэхуэм ихьыну ахъшэр кІахуэзмыгъэпэщу арагъэнущ. Іуэхум и пэжыпІэр махуэ зыбжанэ дэкІмэ къэтщІэнущ - мэкъуаугъуэм икуэм комиссэр иджыри зэ хэпльэжьфынущ «Спартак-Налшыкым» лицензэ етыным.

- Ящэ дивизионым щекІуэкІыну зэхьэзэхуэм зэрыхамыгъэхьам къыхэкІыу махуищым кьриубыдэу «Спартак-Налшыкыр» тхьэусыхэну хуитщ, - жеІащ Футбол Лъэпкъ Лигэм и президент Ефремов Игорь. - Комиссэр абы мэкъуаугъуэм и 16 - 17-хэм хэпльэфынущ. Налшыкдэсхэр абыи щыпхьмыкІмэ, я пІэкІ Калининград и «Балтика»-р хэдгъэхьэжынущ.

Футбол Лъэпкъ Лигэм хэт командэхэм я унафэщІхэм я зэІущІэ дыгъуасэ Мэзкуу щызэхэтащ. Дауи, абы ирагъэблагъакъым «Спартак-Налшыкыр». ЗэІущІэм къыщащтащ 2016 - 2017 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрекІуэкІыну щІыкІэм и махуэгъэпс (календарь).

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Шыгъажэ

Шыкъ Астемыр и зи чэзу текІуэныгъэхэр

Налшык къалэ и ипподромым иджыблагъэ щызэхэтащ зи чэзу шыгъажэ махуэр. Абы щагъэува саугъэтхэм щІэбэнащ ящэ зэхьэзэхуэм къыхьыхьыхьэхэри, щІэх-щІэхыурэ утыку къыхьэхэри.

ШЫГЪАЖЭ махуэр къызэІуахащ Гъунапкъэхъумэхэм я махуэм ирихьэлІэу ягъэува саугъэтэтыр къэхьыным ехьэлІа къыздэсмкІэ. Абы щІэбэнащ «Малкинский» заводым къащІахуэ, илъэситІ зи ныбжь инджылыз-къэбэрдей лъэпкъышхэр. Километр зи кІыхьагъ гъуэгуанэр псом ящэу къызэпичащ Шыкъ Астемыр зытеса Резвая щыр.

Тэрч щыналъэм и цІэкІэ ягъэува саугъэтыр метр 1500-м щызыІэригъэхьащ ар къихьыну куэдым зыхуагъэфэща, илъэсищ зи ныбжь щыбз Камилэ. Щууей Шыкъ Астемыр къигъэжа шыр «Малкинский» заводым щагъэхьэу.

Совет Союзым и ЛІыхъужь Къуэныкъуей Назир къызэрахьэрэ илъэси 100 зэрырикъум и щыхькІэ ягъэува саугъэтыр зыІэригъэхьащ «Малкинский» заводым щагъэхьэуа, Шыкъыр зытеса Блэк Джет. Кубокыр текІуам ираташ Къэныкъуей лъэпкъым и лЫкІуэхэм.

Метр 1800-рэ зи кІыхьагъ гъуэгуанэм «Кабардино-Балкарская правда» газетыр илъэс 95-рэ зэрырикъум хуэаха саугъэтым щхьэкІэ щызэхьэзэхуащ илъэсищ хъу лъэпкъыш кьабзэхэр. Зэрыхуагъэфэщауэ, жыджэру пашэнгъэм щІэбэнахэм яхэтащ Сэкрэкхэ я Нартан, Думэн и Чилиндер, Налшык хьэлэвэ щащІ заводым и Сонар Прадо сымэ. Кьызэздзэр фІы дыдэу кьыщІэзыщІэ Нартан ягъэзэтыфар гъэгуанэм и ныкъуэ кьызэпачыхукІэщ. Адэкіэ абы щхьэщыкІыжащ ищхьэкІэ къыщыдгъэльэгъуа шитІыр. Иужьрей метр 200-м зэуэ зизычыжа Сонар Прадо ягъэ хьэсащ. Ар къигъэжащ мастер-шууей Пэнжокъуэ Рустам.

Шыгъажэ махуэр зэхуащІыкІ. Прохладнэ щІыналъэм и цІэкІэ ягъэува саугъэтыр къэхьыным теухуа кьызэдзэжэмкІэ. Метр 1200-рэ зи кІыхьагъ гъуэгуанэр ягъэу кьызэпичащ мастер-шууей Къышырыгъэ Залым зытеса Сэкрэкхэ яш Спениш Мур.

КъыкІэлъыкІуэ шыгъажэ махуэр мэкъуаугъуэм и 12-м Налшык ипподромым щызэхэтынущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, Нэщіэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъварэ Алик, Щхьэщэмыщі Иэз.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхугъэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ - 42-60-53; къыбарыщІэхэм-кІэ, спортымрэ пресс-мохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущіапіэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщІ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаугъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущіапіэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Щомахуэ Залинэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *Компьютерхэр газетым и теплэр ящІащ* **Дол Маринэ, Щыр Самэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *суэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №747